ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЕ ЛЕГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№213 (22.621) ● 2013 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 30, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэм и Iуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ, **Къэдзэхъу Альберт Билал и къуэр**, иджыпсту и1ыгъ къулыкъур щхьэщыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэу ц1ыгъуэкIи.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м
№163-УГ

● КЪБР-м и Парламентым

Гуфiэгъуэ зэхыхьэм зыхуагъэхьэзыр

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр ильэс 75-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр ильэс 20 зэрырикъур гъэльэпIэным и Iуэхук1э» КЪБР-м и Iэтащхьэм 2013 гъэм мэлыжьхьым и 8-м къыдигъэкIа Указ №54-УГ-м ипкъ иткIэ, къызэрагъэпэща комитетым иригъэкIуэкIа зэIуIэм щытепсэльыхьащ юбилейм зыхуэгъэхьэзырым хиубыдэу республикэм щалэжьхьэм.

ЗЭIУIЩIЭР къыщызэIуихым КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар къыхигъэщхьэхукIаш Къэбэрдей-Балъкъэрым законхэр къыдэзыгъэкI и органыр ильэс 75-рэ зэрырикъум депутатхэм я мызакъуэу, ди щ1ынальэм ис псоми я дежкIэ мыхьэнэщхуэ зэрен1эр. Юбилейр щагъэльэпIэнум и пэ кьыхуэу, жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр зэрырагъэкIуэкIам щытепсэльыхьым Чеченовым жиIащ гуфIэгъуэ дауэдапщэм хиубыдэу къызэрагъэпэщыну зэIуIэм федеральнэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щ1ынальэхэм законхэр къыдэзыгъэкI я органхэм, апхуэдэу КЪБР-м и Парламеным зэгурыIуэныгъэ зрищIыла адрей органхэм я делегацхэр зэрыхэтынур. Къэпсалъэм хэхауэ къыхигъэщащ а хьэщIэ льапIэхэм ди республикэм и нобэр, иужьрей ильэсхэм кьриубыдэу Къанокъуэ Арсен и пашэу абы кIэхьа екъулIэныгъэхэр Iупщ1у егъэлъагъун зэрыхуейр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр сыт щыгъуи хьащIкIэ зэрыфIым псори щыгъуазэщ, ауэ мыпхуэдэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр сэбэп мэхъу ди лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ зэхэтыкIэмрэ псори нэхъ Iупщ1у щыгъуазэ щыныкIэ. Мыхьэнэ хэха и1эщ мамыру зэдэпсэуным, зэныбжьэгъуныгъэм хуэгъэза хабзэхэр ди лъэпкъхэм ильандзрэ къазэрыдэгъуэгурыкIуэм, - жиIащ Чеченов Ануар.

(К1эухыр 2-нэ нап.).

● Дыгъуасэ

ФIыщIэрэ пщIэрэ хуащI

Щ1эрэдж куейм хыхьэ Балъкъэр Ипщэ къуажэм дыгъуасэ щекIуэкIащ Аруан - Уитулу гъэгъуэ щIэрыпIэу зэрызэрагъэпэщыжьым техуэуа гуфIэгъуэ зэхыхьэ.

ЗЭIУIЩIЭМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ **Къанокъуэ Арсен,** Федеральнэ гъэзэгъ агентствэм и унафэщIым и къуэдзэ **Костюк Андрей**, Автомобиль гъэзэгъэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ управленэм и тхьэмадэ **Макиев Гайоз**, Щ1эрэдж муниципальнэ куейм и Iэтащхьэ **Темиржанов Махьты,** къуажэдэс нэхъыжьхэр, школакIуэ ц1ыкIуэхэр, абыхэм я егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр, нэгъуэщIхэри.

Гъэзэгум щыщу зэрагъэпэщыжьму зыхунэса километр 15-р щиух къуажащ1эм дежь хьащIэхэмрэ быслымхэмрэ щыцэхуэсат. Абыхэм кIапсэ плыжьыр гуфIэгъуэ щIыкIэм иту зэпаупщIри, Балъкъэр Ипщэм дэт курыт еджапIэ №2-м псори зэгъусэу кIуаиц. Школым и гуп1эм къыт утыкъращ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр адэкIэ щекIуэкIар.

- Нобэ къуажэдэсхэм я махуэщхуэщ, - жиIащ, зэхьыхьэ кьыщцэзэIунхым, а жьылэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Бэдракъ Борис.** - Ар нэхъри е1эт Щэрэдж т1уащIэм кърш гъэзэгу щаухуэн зэрыщIадзэрэ ильэси 130-рэ щрикъум зэрырихьэлIам. Ц1ыху зекIуапIэхэм пщIэ лей хуащIу и мыхьэнэри фIыуэ зыхащIэу бгырысхэр сытым дежи щытащ.

Нэхъыжьыфlым иужькIэ, утыкум кьихьащ КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

- Республикэм и унафэщIхэм кьабгъэдэкIыу пщIэ лей яхуэсщIыну сыхуейт федеральнэ центрым и лIыкIуэхэу нобэ ди хьэщIэхэм, - жиIащ абы. - Псори дызыщыгуфIыкI хьун Iуэхугъуэфlу къызэлыгъ ди къэралым иужьрей зэманым гулыгъэ хэIэтыкIа гъэзэгъэм я щытыкIэм хуащI зэрыщыхьуам. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, мы т1ащIэм кьыдыхь гъэзэгур яухуэн щыщIадзар 1883 гъэращ. Абы лъандзрэ ар ирагъэфIакIуэ зэпытурэ йокIуэкI. Къуажэдэсхэм я псэукIэр нэхъри нэхьыфI хьуным теухуауэ лэжьын хуейкэр машIэкым. А псом я гугъу иджыпсту тхуэмыщIми, къыхэзгъэщыну сыхуейт, ижь-ижьыж лъандзрэ бгырысхэр, сытым дежи я зэхэщIыкIыр лъагэр щы-Iэныгъэшхуи ябгъэдэльу къызэрекIуэкIыр. Абы и лъэныкъуэкIэ къэбгъэльагъэмэ, нобэ мыбдежьым мащIэ тIэкIуми фызэрыщыгуфIыкIыр дэркIэ гухэхъуэщ. Фыкъызогъэгугъэ, мы къуажэм дяпэкIи гульытэ щхьэхуэ республикэм и унафэщIхэм зэрыхуащIынумкIэ.

Костюк Андрей къыщыпсалъэм къыхигъэщащ ди республикэм унафэщI Iущэрий Iэр ирикIи иджырей зэманым кьинэгъуэ Iуэхугъуэ зэмылIужьыгъуэхэр зэфIэхьынымкIэ абы лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIигъэкIыр.

- Дэ кьыдбгъэдэкIыу зэхьыбзэгъэхьну сыхуейт гъэзугъэм дяпэкIи зэрызэужьынур, абы и лъэныкъуэкIэ длэжьыпхъэхэр дгъэзэщIэн папщIэ тлъэкI кьызэрядмыгъэнэнур, - жиIащ Костюк.

Гуфlэгъуэ зэхыхьэм къекIуэлIахэм папщIэ концерт къызэрагъэпэщащ. «Балкария» къэфакIуэ гупым хэт артистхэм, къызэхуэса псоми гукъинэж яцIыхьуа, теплъэгъуэ дахэ ягъэзэщIащ, эстрадэм хэт щIалэхэм уэрэд жаIащ, школакIуэ цIыкIуэхэм зыкъагъэлъагъуащ.

Ди республикэм и унафэщIхэм кьабгъэдэкIыу, Костюк Андрей бгырысхэм щIакIуэ хужьыщхуэ, бащлъыкI фIыщIэ, пыIэ хъурыфдахэшхуэ тыгъэ хуащIащ.

ПщIэ лей зэрызэгъэщ1ыгъуэ щIэрыщIэу зэзыгъэпэщыж, Сунш Мухьэбий зи унафэщI, «Аруан гъэзэгъ ремонтстрой» организацэм хэтхэми. Абыхэм ящыщу нэхъ къыхэжаныкIахэм щIыхь тхылъхэмрэ Iэпщэ сыхьэтхэмрэ иратащ.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *еIащ.*

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

«ВЛКСМ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыху минищэхэр игъэсащ»

Республикэм щокIуэкI ВЛКСМ-р къыззэрызэрагъэпэщ ильэс 95-рэ зэрырикъум техуэ дауэдапщэхэр. Абы иригъэлIэу а зэгухьэныгъэм зэман зэмылIэужьыгъуэхэм хэтахэм, коммунист партым и ветеранхэм, иджырей щIалэгъуалэм я лIыкIуэхэм удз гъэгъахэр трапъхьащ комсомолым и тхыдэмрэ зауэм хэтахэмрэ я фэеплъхэм.

ГУФIЭГЪУЭ дауэдапщэхэм хиубыдэ Iуэху нэхъыщхьэу уващ ВЛКСМ-м жыдкэру хэтахэм ирагъэкIуэкIа зэIуIщэр. Абы къыщеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен къахуигъэхьа хьэхуэм.

«Комсомолым и тхыдэри абы иригъэкIуэкIа лэжьыгъэ псори я къыгурыIуэнIэ имыIэу пыщIащ XX лIэщIыгъуэм ди къэралым кьикIуа гъэзэгъэнэм. А тхыдэм кудз къыззыщIеубыдэ - ягъ ильэситкIуэм цIыкIуэхэм яхэпла гушхуэныгъэри, 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди ц1ыхубэм къыщагъэлъэгъуа лIыгъэри, зауэ нэужь ильэсхэм бийм зэтрикъута хозяйствэр зэфIэгъэувэжьыным псэемыблэжу зэрелэжьари, кьалэу, кьуажэу минхэр щIэрыщIэу зэрахуэжари. Комсомолым и цIэм кьыгуэхьлIэ имыIэу пыщIащ XX лIэщIыгъуэм и етIуанэ IыкIэм ди къэралым дэтхэнэ Iэнатlэми кьыщихьа ехъулIэныгъэ инхэр. Комсомолым хэтахэм лэжьыгъэ Iэнатlэми зауэми щыз1эрахьа лIыхъужьыгъэр зэи мыкIуэдыжьынщ. ВЛКСМ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэгъуалэу минищэ бжыгъэхэр игъэсащ. Абыхэм кьыпхуэмылытэнам хуэдизу лэжьыгъэшхуэ ираухьлIащ республикэм и экономикэм, мэкъумэш хозяйствэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм я Iэнатlэ псоми зегъэужьыным», - итщ абы.

Дыгъуасэ, Комсомолым и махуэм, ветеранхэмрэ щIалэгъуалэмрэ Лениным и фэеплъым и дежь щызэхуэсащ. Республикэм и щIалэ, хьэджэбз нэхъ зыхуэфащэу кьалытэхэр абдежым комсомолым щызыгъэхьащ.

Iуэху-гъэсагъэ

Министрым Iоощ1э

КЪЭРЭШIЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Ливанов Дмитрий Мэзкуу щыIущIащ.***

АХЭР тепсэлъыхьащ егъэджэныгъэ Iэнатlэм щIалнальэм зыщегъэужьыным, егъэджакIэр егъэфIэкIуным, зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр зэкIуэлIэну Iуэхущ1апIэхэр, курыт еджапIэхэр ухуным, еджапIэ псоми мыгъуэкIэ я ГъабжьэгъэбыдэкIым.

Сабий Iуэхущ1апIэхэр ухуным, щ1ыпхэр зэгъэпэщыжьым теухуауэ КъШР-м щекIуэкI лэжьыгъэми кьыщцIеубыдащ зэIуIщ1ым- федеральнэ программэм Къэрэшей-Шэрджэсыр адэкIэ хэтым папщIэ диIыгъыну министрым республикэм и Iэтащхьэр кьиригъэгугащ.

Куэблэ Екъуб и щ1ыхькIэ

АДЫГЕЙ. ***Мейкъуапэ самбэмрэ дзюдомкIэ и школым и къызэгъэпэщащкIуэ, XX лIэщIыгъуэм и тренер нэхъыфIу кьаблыта дуней псом щ1ыпIэрыIуэ Куэблэ Екъуб и фэеплъ къызэIуахащ.***

СПОРТым и лэжьакIуэ щIэрыIуэу зи гъащIэр езыхьэкIа Куэблэ Екъуб и фэеплъ пхъэбгъэр къыщыдэлъадэщ Краснодар крайм хьихьэ Тlуапсэ районым хиубыдэ къыщалъхуа Псышхуэ Ин кьуажэм. Зэ1ущIэм кьрихьэлIащ абы и гъэсэнэхэр, лэжьэгъуэр, ныбжьэгъуэр, Iыхьлыхэр, ар тренер лъэщу, ц1ыху нэсу зи гум кьинэжьахэр.

Физкультурэмрэ дзюдомкIэ институтым и ректор Куэблэ Екъуб игъэхьэзыращ СССР-мрэ Урысеймрэ щIыхь зиIэ спортымкIэ и мастеру 11, дунейпсо класс зиIэ спортымкIэ мастеру 60-м щIигъу. 2012 гъэм гъатхэпэм и 4-м ар дунейм ехьжащ.

Бзу хьэлэмэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ

Дунейм и щ1ыпIэ псомн кьраша бзу нэхъ тельыджэу 50-м я гъэлъэгъуэныгъэ Мейкъуапэ дэт Адыгейм и Лъэпкъ музейм щокIуэкI.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭР щэкIуэгъуэм и 18 пщIондэ зэхэтынущ. Дэтхэнэми Iэмал иIэнущ кьуалэбзу тельыджкэм я гъусэу сурэт зытраГъэхьну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Ахьшэ

Я фейдэ хэлъу

Хьэмапlэ банким ирихьэжьа Iуэхум ипкъ иткIэ, ц1ыхуэм кредит кьыдэх хьунущ зы илъэсым процент 14,5-рэ фIэкIа щхьэщамытыкIму. Сом мини 180-рэ нэхъыбэ минэхъ мащIэ щIыхуэ мазищым кьыщыщIэздзауэ мазэ 12-м нэс ятелъну ят икIи ар кьыхэхьфынущ банкым зыпыэзыщIэ псомк. Iуэхур 2014 гъэм мазаем и 15-р кьэсауэ екIуэкIынущ.

«ХАБЗЭУ зэрыуващи, ильэсыщIэм и пэ кьикуэу Сочи щIэрыпIэ банкым ц1ыхуэхэм Iэмал ярет кредит кьыдахыну. Мы гъэм дэ а Iуэхур нэхъ пасэу етхьэжащ, Илъэсыщ1эр къэмысу езыхэм я мурадхэр зыIэрагъэхьэнымкIэ щ1ыхуэхэм зрикъуну зэман яIэн папщIэ», - жиIащ «Урысейм и Хьэмапlэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысфий Хьэмидий.

БАГЪЭТЫР Анзор.

Бюджетым къыщалъытэ

«2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м псы хозяйствамкIэ и комплексым зэрызижьынур» республикэ программэ зэхам хуэуIыпщ1ыну мылькур зыхуэдизыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм щызэхуагъэкIащ.

2014, 2015 гъэхэм республикэ бюджетым щыщу сом мин 6868,9-рэ ильэс къэс а Iуэхум халъхьэнущ.

Мы гъэм хуэхаха сом мин 8070,51-м щыщу мин 6534,75-р Старэ Шэрэдж, Черкэ Речкэ къуажэхэм я Iэшэлъашэм Шэрэдж, Бахъсэн псыхэм я нэпкъхэр къызыхуэтыншэу щыгъэбыдэным хуаутIыпщ1ынущ. Адрей сом мин 1535,76-мкIэ Шэджэм ЕтIуанэ жылагъуэм дэж 2014 - 2016 гъэхэм Шэджэм псым и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм щрагъэкIуэжьыну лэжьыгъэм халъхьэнущ.

Программэр Псы щIыпIэпсэхэмкIэ федеральнэ агентствэм и кIэух унафэм ирагъэзэгъащ.

КъБР-м Щ1ыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэзэмрэ экологиемкIэ и министрствэм и пресс-лъхуэщIапIэ.

ПрезидентитIым я зэIуIщIэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир дыгъуасэ Кремлым щригъэблэгъащ Эквадорым и унафэщI Корреа Рафаэль.

«Ди къэралхэр куэд щIауэ икIи хъарэзынэу зэдолажь, - жиIащ УФ-м и Президентым. - Мы гъэм и яп1 мазихым статуу зэдэтщIым процентэ 10-кIэ хохъащ икIи абы къыщыкIуэр доллар мелардэ1 ныкъуэм нэблэгъащ. Ди зэпыщIэныгъэхэм аджи зедгъэубгъуну ди мурадщ, дыщыззэдолэжьэфыну Iэнатlэхэр куэд мэхъурп».

Корреа Рафаэли къыхигъэщащ къэралитIым яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр кIуэтэху нэхъ быдэ зэрыхъуэр. «Экономикэм щызэдолэжьэныи и мызакъуэу, щIэныгъэмрэ технологиещIэхэмрэ я лъэныкъуэкIи зыззэпытщIэнми ди зэхуэдэ фейдэ хэлъыну къызолытэр», - жиIащ абы.

И уасэр ямытынумэ...

УФ-м Украинэм газу иригъэм и уасэр гъэмэу къызэрамытыр жиIащ «Газпром»-м и унафэщI Миллер Алексей. Абы и щ1ыхьэтщ щ1ыщхьэуIуа

♦Политикэ Iуэхук1э зэхэзекхуэн зэращIам и зэранкIэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ

♦1992 гъэм и бжьыхьэм осетинхэмрэ ингушхэмрэ яку кьыдэхьуа кьаугъэшхуэм и хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ

♦1653 гъэм Урысейм унафэ кьыщыдэкIащ дыгъуэгъуаIуэхэмрэ хъунщIакIуэхэмрэ ямыукIыну, яп1щIыкIэ кьамыщIкIэ яубрэжьыну, ипланэ и Iэпхъуамбэр паупщIу Сыбыр ягъэкIуэну.

♦1711 гъэм къэбэрдей зауэлIхэм Мурад-СультIан зи пашэ тырку дзэр зэтракъутащ.

♦ЖЭпуэгъуэм и 30 - 31-хэм Ереван (Армение) щекIуэкIынущ ОДКБ-м и Парламент Ассамблеем зыхьумэжьыныгъэмрэ щинагъуэнщагъэмкIэ и комиссэм и зэIуIщ1э.

♦ЖЭпуэгъуэм и 30 - щэкIуэгъуэм и 2-хэм Сочэ щыкIэхъуну спортымрэ щIыуэпсымрэ я ятеухуа дунейпсо конференц.

♦ Сурэтыщ1 - живописец, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Аксьыр Михаил** и ныбжьыр ильэс 56-рэ ирокIу.

Дунейм и щ1ыпIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щ1ыщ1ытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 8 - 9 щ1ыхъунущ.

ЗыхьэхьэкIар ЖЪЭКIЭМЫХЬУ Мэрием.

Лъэпкъ Iущ1ыгъэ:

Хьэщ1э хьэщ1этепсыхэ и жагъуэщ.

Фестиваль

«Кавказ Ищхьэрэм и архитектурэм къыдекIуэкI хабзэхэмрэ щ1эуэ хэлъхэмрэ». Ар и фIыщ1агъэц1эу жэпуэгъуэм и 31-м къыщыщIэдзауэ щэкIуэгъуэм и 2 пщIондэ иджы яп1уэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхашэнущ Урысейм и Архитекторхэм я союзым и Кавказ Ищхьэрэ щIынальэ зэхуаку зэгухьэныгъэм и 11-нэ архитектурэ фестивалыр.

«УРЫСЕЙМ щыпсэу лъэпкъхэм я архитектурэр» жыхуиIэ псалъэмакъ щхьэпэм ухуакIуэрэ, а Iуэхур зэхьэ1ла, абы дихьэх псори ирагъэблагъ.

Фестивалым и мурадыр Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм лI1щ1ыгъэкIэрэ къадекIуэкI хабзэхэм тету, щIыпIэ тельыджэхэмрэ кьалэ кIуэц1эмрэ зэрызэхуагъакIуэр, нобэрей Iэмалхэр дунейпсо архитектурэм и зыужьыныгъэм зэрыхэувэ щ1ыкIэр джыныри.

Пэхъыщхьэу зэпкърахыну Iуэхугъуэхэм ящыщщ щIыналъхэм я иджырей экологие, кьалэхуэхэр, архитектурэ, экономикэ, социальнэ зыужьыныгъэм теухуахэр, кьэрал, муниципальнэ, жылагъуэ организацэхэм щыпIэхэм я зыужьыкIэм гу лъегъэтэныр. Генеральнэ планхэм я проектхэм я гъэхъэзырыкIэмри, туризмэм зэуIуу зегъэужьыни, абы хуэфащэ инфраструктурэ кьыхуэзэгъэпэщын зэрыхуейми тепсэльыхьынущ. Къищ1ынэмыщ1Iауэ, фестивалым и мурадщ щ1ынальэхэм инновацэ къалэ кIуэц1эхэмрэ хьэщIэхэм я щIыпIэхэм ирагъэкIуэкIа хабзэхэмрэ щ1эуэ хэтхэмрэ» конференц къызэрагъэпэщынщ, Урысейм и Архитекторхэм я союзым и Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ зэгухьэныгъэхэм я архитекторхэм я проектхэр ягъэльэгъэнущ, академическэ деятельностым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ кьудамэр я щIагъэкIуэну.

Фестивалым и программэм хэту, «Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я архитектурэм къыдекIуэкI хабзэхэмрэ щ1эуэ хэтхэмрэ» конференц къызэрагъэпэщынщ, Урысейм и Архитекторхэм я союзым и Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ зэгухьэныгъэхэм я архитекторхэм я проектхэр ягъэльэгъэнущ, академическэ деятельностым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ кьудамэр я щIагъэкIуэну.

Фестивалым и программэм хэту, «Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я архитектурэм къыдекIуэкI хабзэхэмрэ щ1эуэ хэтхэмрэ» конференц къызэрагъэпэщынщ, Урысейм и Архитекторхэм я союзым и Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ зэгухьэныгъэхэм я архитекторхэм я проектхэр ягъэльэгъэнущ, академическэ деятельностым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ кьудамэр я щIагъэкIуэну.

ЩОДЖЭН Динар.

Мащ1эу хуаутIыпщам щхьэкIэ щ1ыхуэзу доллар мелуан 882-рэ я къэралым зэрытелъыр.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий къыхигъэщащ: «Украинэм щыщ ди лъэхъэгъуэм абы теухуа хьыбар ирагъэщIакIэ, жаIэнум пэплъауэ, унафэ къэштапхъэщ. Зыри къэмыхуэа хуэдизу фэ зытрагъуэмэ, газыпщIэр ямытауэ ар яяхуэуIтыпщ1ын хуэмейуэ арац».

Украинэм и премьер-министр Азаров Николай абы и жэуапу жиIащ газ уасэр тынымкIэ гугъуехь гуэрхэр яIэми, ущIэгужьеиз Iуэхум зэрыхэмылъыр. «Правительствэм псори и нэIэм щIэтщ», - къыхигъэщащ абы.

ЖейкIэ урикъумэ

Сыхьэтийм щ1игъукIэ жеиныр фIым егупсысыныр ныкъусыхум и бийц. Ахуэдэу къальыт США-м щыщ щ1ыныгъэлIхэм.

Карнеги-Меллон, Висконсин университетхэм щрагъэкIуэкIа къхэхуэныгъэхэм хэта цIыхухэр гупитIу ягуэшри, зым хэтхэр зы жащ-махуэм сыхьэтийм щ1игъукIэ ягъэжеящ, я псантхуэхэр этрагъэвэжьи щхьэкIэ фIым, дахагъэм егупсысу щIалъэ гуэркIэ ягъэнсуащ. ЕтIуанэм щ1ыщхэр дыдэсэжа гъащIэ мардэм тетащ: я жейкIи иримыкъуу, къызэтеувыIэу гъащIэм егупсысынуи зэман ямыIэу. Къэхуэгныгъэм хэтыну арэзы хьуа а гупитIми хаутIыпщ1ащ пыхуэсыху кьапкърызыгъэхь, я тэмакъэр зыгъэуз вирус. КъызэрыщIэкIамкIэ, яп1 гупым щыщу сымаджэ хьуар мащIэ дыдэщ, псынщIэун ар япкърыкIыжащ. ЕтIуанэ гупым щащIэм я зэхуэдитIым нэхъри нэхьыбэр узым защIэу иубыдащ икIи куэдрэ кьиутIыпщакъым.

Зыгъэзэжьыр ЖЪЭКIЭМЫХЬУ Мэрием.

И уасэр ямытынумэ...

УФ-м Украинэм газу иригъэм и уасэр гъэмэу къызэрамытыр жиIащ «Газпром»-м и унафэщI Миллер Алексей. Абы и щ1ыхьэтщ щ1ыщхьэуIуа

Гуфlэгъуэ зэхыхьэм зыхуагъэхьэзыр

(КIэуухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.)

КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къудзэ Сабанкэ Татьянэ зэпыскlауэ тепсэлъыхьауэ юбилейм зыхуэгъэхьэзырынымкlэ ПланымкIэ гъэсыныгъэ щыIэ зыхуэгъэхьэзащlэм. Кьаплъэгъэ, юбилей дауэдапщэгъэ щрагъэкlуэкlэ къаГъэсэбэпыну дамыгъэр игъэхьэзыращ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законкэр кьыдэзыгъэкl и орган нэхъыщхьэр илъэс 75-рэ ирокlу» псалъэкlэ зыгъэгъэфэепль тыгъэхэр къыщlагъэкl, игъэIэпхъуэ выставкэм щагъэльэгъуэну лэжьыгъэхэр къаГъэщlэрэщlэжащ. Саенкэ Татьянэ зэрыжlамlэ, парламент зэщlэхьеныгъэм и ветеранхэр щlалэгъуалэм яхуозэ, апхуэдэу джакlуэхэмрэ студентхэмрэ КъБР-м и Парламентым щрагъэблагъэ.

Юбилейм зыхуэгъэхьэзырным, апхуэдэу «Дэ Урысейм дрицыхуу» урысейпсо лэжьыгъэм и республикэ ЫхьэмкIэ хиубыдэу курыт школхэм щlэсхэм ящыщу нэхъыфlу еджэхэм папщlэ кьыдэзрагъэпэща гуфlэгъуэ зэхьыхьэм Урысей Федерацэм и гражданиным и паспортыр зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуахэм щратыжащ. Юбилеим ирихьэлlэу кьыдэзрыдэжьынхэм хуагъэхьэзыращ «Республикэм и фlыгъуэм, Урысейм и фlыгъуэм папщlэ» тхьапшэ.

Къэсалъэм кьыдэхуэсахэр щыгъуазэ ящlащ мыгувэу кьыдэзрагъэпэщыну Iуэхухэмэ. Абыхэм ящыщу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм парламентаризмэр зэрыщlэзыгъэтвар, абы пыщlа Iуэхуабжьу, къэкlуэнур» щlэныгъэ конференцыр, «Законодательствэр муниципалкlэ Iэнатlэм щыгъэзэщlэныжьмкlэ къэув ящlэнхэр зэIуIэщхуэр. Апхуэдэу мывхьэнэ ин иIэнущ республикэм парламентаризмэр зэрыщыхьэтеувамрэ абы зэрызиужьамрэ теухуауэ къуажэдэс щlалэгъуалэм я зэхыхьэшхуэ зэрекlужьнум.

Кьыдэзрэпэщакlуэ комитетым и зэIущlэм езыхэм зэфlагъэкlынухэр утыку кьыщlралъхьащ министерствэ зыбжанэм я унафэщlхэм.

Кьапщтэмэ, КъБР-м щlыхьэ хьыбарегъащlэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьэдин зэрыжlамкlэ, КъБР-м и Парламентым Щlалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цыхуэб хьыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэм я Iуэхуэхмкlэ и комитетым зэхилъхьауэ юбилейм ирихьэлlэу республикэ конкурсэр зэрыгъэгъэкlуэныну щыкlэр.

- Республикэм законкэр кьыдэзыгъэкl и орган нэхъыщхьэм и лэжьыгъэр къэгъэльэгъэнымкlэ журналистхэм, редакцэхэм я лэжьыгъэ нэхъыфlхэр кьыхах, - жиIащ Къумахуэ Мухьэдин. Абы кьыхигъэщхьэхухlащ юбилейм ехьэлIа тхыгъэхэр рубрикэ хэхам щlэту кьыдэзрагъэзэр. Кьапщтэмэ, «Горянка» газетым нанкьэгъэ мазэ гъэльэдэрэ кьыдэIуащ «Законкэр кьыдэзыгъэкl органым и юбилейм ирихьэлlэу. Власть нэхъыщхьэм хэт цыхуэбзкэр» рубрикэр. Абы щlэту газетым кьытрадзэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цыхуэбзу илъэс зэмылIэужьыгъэхэм республикэм законкэр кьыдэзыгъэкl и органым хэтахэм ятеухуа тхьгъэхэр. А Iуэхум кьыдэжьыгъуэ кьэс зы напэкlуэцlу зыгъэт фэеплъ тыгъэхэр къыщlагъэкl, игъэIэпхъуэ выставкэм щагъэльэгъуэну лэжьыгъэхэр къаГъэщlэрэщlэжащ. Саенкэ Татьянэ зэрыжlамlэ, парламент зэщlэхьеныгъэм и ветеранхэр щlалэгъуалэм яхуозэ, апхуэдэу джакlуэхэмрэ студентхэмрэ КъБР-м и Парламентым щрагъэблагъэ.

Юбилейм зыхуэгъэхьэзырным, апхуэдэу «Дэ Урысейм дрицыхуу» урысейпсо лэжьыгъэм и республикэ Iыхьэм хиубыдэу курыт школхэм щlэсхэм ящыщу нэхъыфlу еджэхэм папщlэ кьыдэзрагъэпэща гуфlэгъуэ зэхьыхьэм Урысей Федерацэм и гражданиным и паспортыр зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуахэм щратыжащ. Юбилеим ирихьэлlэу кьыдэзрагъэхьэзырэ Iуэхухэм я псоми кьадэкlуэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевидиоканпаниемрэ программэхэр кьэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпаниемрэ игъэхьэзыр КъБР-м и Парламентым и лэжьыгъэм теухуа фильмхэр, - жиIащ Къумахуэ Мухьэдин. Абы кьыщlэзрагъэпэщащ, викторинэхэр, дерс зэIуахэр ирагъэкlуэжащ, Муниципальнэ Iэнатlэм хиубыдэу екIуэжащ класс нэхъыщхьэм щlэсхэм УФ-м и Конституцэм зэрыхащlыкlыр кьыщащыта зэпеуэхэр.

- КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм адэкlи законкэр кьыдэзыгъэкl орган нэхъыщхьэм и юбилейм теухуа лэжьыгъэхэр иригъэкlуэжынущ кьэтщта планым тету, - жиIащ и псалъэр щиухым Семэн Пщыкьан.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм зэфlигъэкlхэм зэIущlэм щытепсэлъыхьащ щэнхабзэмкlэ министрым и кьэудзэ Карчаевэ Iэминат. Абы зэрыжlамкlэ, республикэм и библиотекэ псоми щагъэхьезыращ «КъБР-м и Парламенты властым и дэхэр гуращlэ», «КъБР-м хэхьныгъэмкlэ и законодательствэр», «Конституцэр къэралым и хабзэ лъабжьэщ» тхьилъ гъэльэгъуныгъэхэр. Апхуэдэу кьуажэхэм я щэнхабзэ-зыгъэпсэхуупlэ центрхэм КъБР-м и Парламентым-рэ КъБР-м и Конституцэмрэ ятеухуа зэIущlэхэр щыIэхэщ. Министерствэм зэхилъхьа планым ипкъ иткlэ, республикэм и Льэпкъ библиотекэм КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ цыхуэб хьыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэхэмрэ кьырихьэлlэу «УФ-м и Конституцэр Урысейм и зэпеIэзэрытыныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ я льабжьэщ» зэхьихьэшхуэр кьыщызэрагъэпэщынущ. Хабзэ мардж-эр гъэзэщlэным пыща Iуэхуэхм щытепсэлъыхьынущ Прохладнэ къалэ округым и администрацэм. Юбилейм теухуа лэжьыгъэ пыхьыкlаэр щыIэзэрагъэпэщащ, викторинэхэр, дерс зэIуахэр ирагъэкlуэжащ, Муниципальнэ Iэнатlэм хиубыдэу екIуэжащ класс нэхъыщхьэм щlэсхэм УФ-м и Конституцэм зэрыхащlыкlыр кьыщащыта зэпеуэхэр.

- КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм адэкlи законкэр кьыдэзыгъэкl орган нэхъыщхьэм и юбилейм теухуа лэжьыгъэхэр иригъэкlуэжынущ кьэтщта планым тету, - жиIащ и псалъэр щиухым Семэн Пщыкьан.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм зэфlигъэкlхэм зэIущlэм щытепсэлъыхьащ щэнхабзэмкlэ министрым и кьэудзэ Карчаевэ Iэминат. Абы зэрыжlамкlэ, республикэм и библиотекэ псоми щагъэхьезыращ «КъБР-м и Парламентым и дэхэр гуращlэ», «Конституцэр къэралым и хабзэ лъабжьэщ» тхьилъ гъэльэгъуныгъэхэр. Апхуэдэу кьуажэхэм я щэнхабзэ-зыгъэпсэхуупlэ центрхэм КъБР-м и Парламентым-рэ КъБР-м и Конституцэмрэ ятеухуа зэIущlэхэр щыIэхэщ. Министерствэм зэхилъхьа планым ипкъ иткlэ, республикэм и Льэпкъ библиотекэм КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ цыхуэб хьыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэхэмрэ кьырихьэлlэу «УФ-м и Конституцэр Урысейм и зэпеIэзэрытыныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ я льабжьэщ» зэхьихьэшхуэр кьыщызэрагъэпэщынущ. Хабзэ мардж-эр гъэзэщlэным пыща Iуэхуэхм щытепсэлъыхьынущ Прохладнэ къалэ округым и администрацэм. Юбилейм теухуа лэжьыгъэ пыхьыкlаэр щыIэзэрагъэпэщащ Май, Iуащхьэмахуэ, Шэрэдж, Шэджэм, Дзэлыкъуэ, Лэскэн муниципальнэ районхэмэ.

КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкlэ и комитетым и унафэщlэ Сумаев Ахъмэт тепсэлъыхьыжащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, апшарэм и лэжьыгъуэхэр зыхэта гуп юбилеим и щыхькlэ мэкъуаугъэуэ мазэм Iуащхьэмахуэ зэрыдзэкlам. Бадзэуэгъуэ - шыщхьэуIу мазэхэм КъБР-м и Парламентым и кубкэр кьахьыным теухуауэ тхэнвондомкlэ, пейнтболымкlэ зэхьэзэхуэхэр кьыззрагъэпэщащ.

КъБР-м и Парламентым и аппаратым и унафэщlэ Битокъу Владимир зэIущlэм хэтахэр щыгъуазэ ящlащ Iэ зэрагъэтэлектронIэмэпсымэхэр зэрагъэувам икlи апэр зэтеухуэн зэрахьам, зэIущlэхэр щратыжкlэ пэш нэхъыщхьэм видеоконференцэр кьыдэзрагъэпэщу системэр зэрыщыгъэтрахуэм, КъБР-м и Парламентым щрагъэкlуэкl адрей лэжьыгъэхэм. А псоми кьадэкlуэу, Парламентым и унэм и Iэшэльашэхэмрэ абы и пщlантIэмрэ зэIуэпэщ ящ, жыгхэмрэ удзхэмрэ щыхасэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщlэ, абы кьыдэкlуэу тхэвондомкlэ КъБР-м и федерацэм и попечительскэ советым и тхьэмадэ Чеченов Ануар кьыдэзыгъэсэр щыгъуазэ ящlащ закон гъэкlэ кьыдэзыгъэкl орган нэхъыщхьэм и юбилеим пыщlауэ нэгъуэщI къэралхэмэ я лIыкIуэхэр хэту тхэвондомкlэ зэхьэзэхуэ щрагъэтрахуэм и 4-м зэрекlуэкIынум. Абы хэтын папщlэ хьэщlэ куэд къэкlуэнущ, нэгъуэщI къэралхэм кьыкlаэхэр яхэту.

- Апхуэдэ Iуэхуэхэр егъэкlуэныным Къэбэрдей-Балъкъэрыр хъарынэу хуэщlащ, сыту жыIэпэмэ, Налшык щIэхщIэхуэрэ дунейпсо, урысейпсо спорт зэхьэзэхуэ инхэр кьыщызэрагъэпэщ икlи ахэр хъарынэу щокIужкl. Сэ кьызэрыслъытэмкlэ, ди къэралмэ нэгъуэщI къэралхэмэ кьикI спортсмен куэд зыхэт дунейпсо зэпеуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен Кавказ Ищхьэрэмэ я пщlэр кьаIэт. Спортым и фIыгъэкlэ ди республикэр нэгъуэщI къэралхэм фIыкlэ кьыщацIыхуу зэрыхуежьар жыIэпэмэ ущыгъэнукъым. Хьэщlэхэм нэрыльагъу кьащоуху Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэ зэрыщытепщэр, абы зэпымыуэ зэрызэгъэжьар, - кьыдэзыхьэхуэкlащ Чеченов Ануар.

БАТЫР Любэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и епIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъуар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм я кандидатхэм я списку кьыхилъхьам хэту ятха кандидат Мер Владимир Абизар и къуэм етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм фокIадэм и 26-м *Налшык къалэ* *№61/1-5*

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я списку кьыхилъхьам хэту, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и епIанэ хэхыгъуэм и депутату хаха Бирюк Александр Анатолий и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщlэсщlащым кьыхэкlыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьи и Iуэхукlэ» 2008 гъэм шыщхьэIуэм и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №956-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 6-м ипкъ иткlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и епIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъуар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм я кандидатхэм я списку кьыхилъхьам хэту ятха кандидат Мер Владимир Абизар и къуэм (№69) етын.

2. Мы унафэр щIыхьэ хьыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэм къытрегъэдзэн икlи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщl
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и епIанэ хэхыгъуэм и депутат Мер Владимир Абизар и къуэр тхьным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм фокIадэм и 26-м *Налшык къалэ* *№61/2-5*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и епIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъуар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм я кандидатхэм я списку кьыхилъхьам хэту ятха кандидат Мер Владимир Абизар и къуэм етыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2013 гъэм фокIадэм и 26-м кьищта унафэ №61/1-5-м ипкъ иткlэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьи и Iуэхукlэ» 2008 гъэм шыщхьэIуэм и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №956-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и епIанэ хэхыгъуэм и депутат Мер Владимир Абизар и къуэр тхьын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и епIанэ хэхыгъуэм и депутату ятхам зэрыхахьакlэ удостоверенэ етын.

3. Мы унафэр щIыхьэ хьыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэм къытрегъэдзэн икlи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщl
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Усенкэ Анжелэ Владимир и пхъум унафэ кьэзыщlэхэм ящыщу Прохладнэ щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм хэтым и кьалэнэр щхьащыхьым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм фокIадэм и 26-м *Налшык къалэ* *№61/3-5*

«Урысей Федерацэм и цыхухэм зэхыныгъэхэм хэтыныжмкlэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныгъэ я хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныжмкlэ щэсыпlэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» 2002 гъэм мэкъуаугъэм и 12-м къащта Федеральнэ закон № 67-ФЗ-м и 29-нэ статьям и пункт 6-м и «а» пункт кьыздэсым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон № 23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ хэхакlуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» 2003 гъэм щIыщIэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон № 1-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и «а» пунктым япкъ иткlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Усенкэ Анжелэ Владимир и пхъум, комиссэм хагъэхьэн папщlэ Прохладнэ мэкупальнэ районым щIыпlэ унафэр зегъэхакlуэ комиссэм щIэу хагъэхьэнымрэ и кандидатурэм теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьыззрыIахьымкlэ хъыбар

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2013 гъэм фокIадэм и 26-м къыдигъэкIа Унафэ №61/3-5-мкlэ къыщlащ

Унафэ кьэзыщlэхэм ящыщу Прохладнэ щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм кьыхэкlыжам и пIэкlэ хагъэхьэным и кандидатурэм теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьыззрыIахьымкlэ хъыбар

«Урысей Федерацэм и цыхухэм зэхыныгъэхэмкlэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныгъэ я хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныжмкlэ щэсыпlэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 26-нэ статьям и пункт 6-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэIущlыIу ещI унафэ кьэзыщlэхэм ящыщу Прохладнэ щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм щIэу хагъэхьэнымрэ и кандидатурэм теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьыIихьэн зэрыщIидзэр.

Документхэр мы хьыбарегъащlэр кьыщытрадзам щегъэжьауэ махуэ 15-кlэ кьыщыIахынущ мы хэщIапlэмкlэ: КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ № 27, пэш 151-рэ. Телефонхэр: 47-64-42, 40-26-88.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэ.

● Коллегиехэр

Хабзэхэр зэрагъэзащlэр егъэфlэкlуэн

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур нэхъыжьу щысу, прокуратурэм зэIущlэ щыкlуэкlащ экстремизмэм пэщlэтыным, федеральнэ шынагъуэщагъэм, льэпкъэм я зэхущытыкlэхэм егъэщlынымрэ хабзэхэр зэрагъэзащlэм кlэлъыплъыным хуэгъэзащlэ 2013 гъэм и мазибгъум зэфlагъэкlа лэжьыгъэм кърикlуахэм теухуауэ.

ЗэIущlэм кьыщыхьагъэбдзкIыныкlащ мы унэтIыныгъэм республикэм и прокуратурэм и дежкlэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зэриIэр икlи ар терроризм, экстремизм щIэпхъаджагъэ лIэужьыгъуэхэр зэхащIыхьынкlэ шыпхагъуэ зэрыщlэзэм зэпыщlащ.

Терроризм щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхуным, ахэр кьыжьэдэкъуэным егъэщlылIа кьалэнэхэр нэхъыфlу ягъэзащlэн мурадкlэ, тепсэлъыхьащ нэхъ мыхьэнэ ин зиIэ Iэнатlэхэм - властымрэ управленэмрэ я профилактикэ лэжьыгъэм, терроризмэм и бий бэнэныгъэм законодательствэр щыгъэзащlэнымкlэ теухуауэ зэфlагъэкlахэм.

Къызэхуэсахэм терроризмэмрэ экстримизмэмрэ пэщlэтыным хуэгъэза кьэрал политикэм кьыгъэуIэн Iуэхущlэм и лъэныкъуэкlэ властым и органхэм ирагъэкlуэкl лэжьыгъэр игъэльэщыным теухуа чэнджэщхэр, унафэхэр кьащтащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Къэрал Iуэхущlапlэхэм

Мы илъэсым къреубыдэ

Май районым хъэрычъ-тыщlэ Iэнатlэ щыкlуэмрэ курытхэмрэ я проектхэм ахъщэ яхуэхъэх и комиссэр щалагъуэлэ бизнес-проект 15-м арэзы тетхуащ. Ахэр зейхэм я программэхэр зэрагъэзэщlэну мыгъэ ратынущ.

ГРАНТХЭР кьахьащ илъэс 30-м нэс зи ныбжь хъэрычъ-тыщlэ щIэзыщlагъащlэхэм. Абыхэм мэкъумэш-фермер хозяйствэхэм Iэщlэвыщlэ щагъэшхэнущ, джэд кlэщlэр щагъэзбгъэуэнущ, гуэлхэм бдзажьей щагъэхъынущ, губгъуэхэм розэрэ нащрэ щагъэкlынущ, кьыззрыкlуащыкlыр бжьыгъэрылажьэ станок яуухэнущ. Апхуэдэу сайфиксэм зыщрагъэпсэлъынущ центрым тещIыхьа социальнэ проектри кьащтащ. Кьищынэмыщlауэ, лэжьаIпэншэу, зи Iэпкъльэпкъым сэкъат иIэу зи Iуэху кьыдэзыхьыжьыну хуейхэми я мурадыр даIыгъащ. Абыхэм сом мин 4133,4-рэ хуэхъунущ. Сом мин 600-р щIыпlэ бюджетым кьыхэкIынущ. Мылъкур зэщlагъэуIуащ хъэрычъ-тыщlэ Iэнатlэ щыкlуэмрэ курытхэмрэ защIэгъэхъэзыным хуэунэтIауэ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэм игъэзащlэ программэм и фIыгъэкlэ.

Май районым и щыпlэ адміністрацэм экономикэмрэ хъэрычъ-тыщlэ Iуэхуэмкlэ и кьудамэм зэрыщыкlаламкlэ, мы илъэсым къриубыдэу абыхэм ахъщэр ратынущ.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

● Налшык къалэ

Хэди къыхэх

Республикэм и щыхьэрым щыхухэр Iэнатlэкlэ кьыззгъэпэщыныжмкlэ и Iущlагъэлlэкlэр яIущlащ 24-нэ школым и 9-нэ классхэм щеджэхэм.

Мы IУЭХУР щыщщ «Iэнатlэр тэмэму кьыхэпхыныр екъулIэныгъэ уиIэныр и щэсыпlэщ» лэжьыгъэу 2013 гъэм ирагъэкIуэкlым. Ныбжьыщlэхэр гулыитэшхуэ хуащIу едэIуащ мы зэманым нэхъ щIэупщIэ зиIэ Iэщlагъэхэм, ахэр тэмэму кьыззрыхахьыну щыкlэм теухуа хьыбархэм. Школакlуэхэр компьютеркlэ хагъэдащ Щыхуэхэм Iэнатlэ я зэгухьэныжмкlэ центрым кьахуигъэльэгъуэ лэжьыгъэхэм я утыку иныр. А щIыпlэр кумблIэмбу зэрыщытым еджапlэм и гъэсэныгъэм и ягъэджжIуэхэри гугъу иригъэхьырт. Дзэ хуэIухуэщlэм ехьэлIа дэтхэнэ зы дерсри гъэхуауэ, мардж ткlийм тету кьархьэлIэн зэрыхуэйр кьызыгурыIуэ лэжьакlуэхэм езыхэм я кьаркlэ мызэмитIэу щIыпlэр зэрагъэпэщыжащ, щымыхъуэм лъэпкlэ зыхуагъэзащ район администрацэм и Iэтащхэ Темиржанов Мавитан. Щытыкlэм зэуэ унафэ тращIыхьащ икlи зэман кlэщlым къриубыдэу Iуэхум иужь ихьэхущ.

Иджырей щапхъэхэм тету, лэжьакlуэхэм я щэфlыкlэ псори зэуэнэтIащ асфальтыр зытралъхьэну утыр зэтес зыщIа «Шэрэдж-1», ухуэнагъэ лэжьыгъэхэр и кlэм нэс къезыхьэлIа «Партнер-2» ООО ухуакlуэ Iэнатlэхэм. Абыхэм кадет школ-интернатым и кlасыр нэхъыжьхэм щеджэ ныбжьыщlэхэри къадэIэпыкlуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Ухуэныгъэ

Еджакlуэхэр щогуфlыкlы

Шэрэдж районым кьыщы-зэIуахэ кадет школ-интернатым ухуэныгъэ лэжьыгъэ щыхьэхуэхэр кьыщрахьэлIэ.

МЫ МАХУЭХЭМ щIэуэ асфальткlэ къращIыкlащ пщlантIэм и утыку иныр. А щIыпlэр кумблIэмбу зэрыщытым еджапlэм и гъэсэныгъэм и ягъэджжIуэхэри гугъу иригъэхьырт. Дзэ хуэIухуэщlэм ехьэлIа дэтхэнэ зы дерсри гъэхуауэ, мардж ткlийм тету кьархьэлIэн зэрыхуэйр кьызыгурыIуэ лэжьакlуэхэм езыхэм я кьаркlэ мызэмитIэу щIыпlэр зэрагъэпэщыжащ, щымыхъуэм лъэпкlэ зыхуагъэзащ район администрацэм и Iэтащхэ Темиржанов Мавитан. Щытыкlэм зэуэ унафэ тращIыхьащ икlи зэман кlэщlым къриубыдэу Iуэхум иужь ихьэхущ.

Иджырей щапхъэхэм тету, лэжьакlуэхэм я щэфlыкlэ псори зэуэнэтIащ асфальтыр зытралъхьэну утыр зэтес зыщIа «Шэрэдж-1», ухуэнагъэ лэжьыгъэхэр и кlэм нэс къезыхьэлIа «Партнер-2» ООО ухуакlуэ Iэнатlэхэм. Абыхэм кадет школ-интернатым и кlасыр нэхъыжьхэм щеджэ ныбжьыщlэхэри къадэIэпыкlуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Сыт мазибгъум кърикIуахэр?

Тэзырэр ирегъэхьэкlыныжмкlэ федеральнэ Iуэхущlапlэм и управленэу КъБР-м щыIэм и коллегиемрэ я зэIущlэ зэхэтащ. Абы дызэрыт илъэсым и ящэ мазибгъум кърикIуахэр щыззохьэхьэжащ.

ЗэIущlэр езыгъэкIуэкlа КъБР-мкlэ УФСИН-м и унафэщlым и къалэнхэр пIалъэкlэ зыгъэзащlэ **Тэуэзэжькlуэ Мурадин** зыхэпльа Iуэхуэгъэхэм къарикIуахэр зэхилъхьэжри, гу нэхъ зыльыгатIэхэр зэхуэгъэнэ къыгъальэгъуащ, илъэсым и кlэм нэсыху къапэщыт къалэнхэр иубзыхуащ.

Коллегием и зэIущlэм хэхауэ щытепсэлъыхьащ ФСИН-м и Iуэхущlапlэхэр бжьыхь-щlымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым, лэжьакlуэхэм я узынщагъэр санаторэ-курорт Iуэхущlапlэхэм щрагъэфlэкlуэныр кьыззгъэпэщыным. Апхуэдэдэуи къыщыдэтащ УФСИН-м, абы и Iэнатlэхэм я кьулыкlу, производствэ, финанс-хозяйствэ лэжьыгъэм теухуа Iуэхугъуэхэр. Гулыитэ щхьэхуэ хуащIащ зэпIэзэрытыныгъэр зэтетIыгъэным, ахэр кьыжьэдэкъуэным егъэщlылIа кьалэнхэр нэхъыфlу ягъэзащlэн мурадкlэ, тепсэлъыхьащ нэхъ мыхьэнэ ин зиIэ Iэнатlэхэм - властымрэ управленэмрэ я профилактикэ лэжьыгъэм, терроризмэм и бий бэнэныгъэм законодательствэр щыгъэзащlэнымкlэ теухуауэ зэфlагъэкlахэм.

Къызэхуэсахэм терроризмэмрэ экстримизмэмрэ пэщlэтыным хуэгъэза кьэрал политикэм кьыгъэуIэн Iуэхущlэм и лъэныкъуэкlэ властым и органхэм ирагъэкlуэкl лэжьыгъэр игъэльэщыным теухуа чэнджэщхэр, унафэхэр кьащтащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

Псори зэхэту сом мелуани 10-м щIигъу

Республикэ программэ хэхам зэрыщыубыхуам тету, фэтэр куэд хьу унэ 14 Лэскэн районым кьыкьыхутыпщэу щыIэрагъэпэщыжь.

АБЫХЭМ ящыщу 7-р Лэскэн Ищщэ, 4-р - Анзорей кьуажэхэм щыIэрахъэ, Хьэтуей, Лэскэн ЕтIуанэ, Ерокъуэ жылагъуэхэм зырыз ремонт щащI.

Ерокъуэ щыIэрагъэпэщыж кьатитI хьу унэм унагъуи 4 щопсэу. Ар нэгъуэщI щыпlэхэм щыщу крагъэблагъэ егъэджакIуэхэм папщlэ 80 гъэхэм яухуауэ щытащ. Нэхъапэми хуэдэу, егъэджакIуэхэм я унагъуэхэр иджыпстуи абы щIэсщ. ПсэупIэр жьы дыдэ хъущ, тыншыпlэ гуэри щагъуэтыжьыкlыр. Ар зэгъэпэщыжьыным сом мин 700-м щIигъу хухахащ, щыIэ хабзэм тету, проектым хуэзэм и процент 15-р езы унагъуэхэм халъхьащ.

УхуакIуэхэм зэрыжаIамкIэ, унащхьэхэр зэхъуэжIыным пыщIа лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр районым щыIэфlэкlащ. Мы зэманым Iуплъапlэхэр кьызыхуэтыншэу зыхуей хуагъазэ, псэупlэхэм я лъабжьэхэр ягъэбдащ.

Псори зэхэту мы Iуэхум сом мелуани 10-м щIигъу хуэзэщlагъэуIуащ.

ГУГЭТЫЖ Залиф.

● Мэжджыт цIэрыIуэхэр

Дуней псом и мэжджыт нэхъ ин икIи лъапIэ дыдэу Сауд Хьэрыпым и Мэккэ къалэм дэт Аль-Масджид аль Хьэрэмым къыкIэльокIуэ а къэралыгъуэ дыдэм хиубдэ Мединэ щыIэр. Ар Мухьэммэд бегъымбарыр псэууэ яухуащ икIи Дыкъуэ лъапIэр абы хэлэжьыхьащ.

Бегъымбарым къригъэжьат

ХЪЫБАРЫЖЬХЭМ къызэрыхэщыжымкIэ, хьиджрэм и япэ гъэм (илъэс 1435-рэ ипэкIэ) бегъымбарыр махъшэм тесу Мединэ (хьэрыпыбзэкIэ «къалэ» къикIыу аращ) къыдыхьащ, гупышхуэ и гъусэу. Зэман дэкIри, абдежым щIы Іыхьэ къыщищэхуащ икIи унэ щищIащ.

Япэ щIыкIэ абы тхьаелъэIупIэ тепльэ иІакъым. ПщIантIэм цIыхуэхэр къыщызэхуэсырт, Іуэхуэхэр щызэфIагъэкIырт, зэгъусэу Алыхым щелъэIурт. Хуэм-хуэмурэ ухуэныгъэм къыпащащ икIи мэжджыт теплъэ ирагъэгъуэтащ. АлыкIуэм и Іыхьлыхэмрэ ислъам диныр пхызыгъэкIэмрэ я гъусэу абы ихъуреягъкIэ я псэуалъэхэр щаухуащ.

Мухьэммэд бегъымбарыр щыІари, щыщIалъхьэжари мы щIыпIэращ. Мыбдежым я кхъащхьэр щыIэщ абы и Іыхьлыхэм ящыщхэм, и дэIэпыкъуэгъу нэсу щытахэу Абу Бакр, Гъумар сымэ.

Муслъымэнхэм сыт щыгъуи Мухьэммэд бегъымбарым и псэуалъэр ирагъэфIакIуэурэ нобэр къызэдэсым къекIуэкIащ. Къапщтэмэ, ар мэжджытхэм я нэхъыжь дыдэу къалъытэ икIи Алыхьым и АлыкIуэм и цIэр зэрехьэ. Иджыпсту абы метр зэбгъуэзнатIэ 400500-рэ еубыд икIи цIыху мин 600 щIохуэ. Хьэж щIыгъуэхэм и деж тхьэ елъэIупIэм зэуэ къекIуалIэхэм я бжыгъэр мелуаным нос.

Муслъымэнхэм я нэхъыжь дыдэу къалъытэ икIи Алыхьым и АлыкIуэм и цIэр зэрехьэ. Иджыпсту абы метр зэбгъуэзнатIэ 400500-рэ еубыд икIи цIыху мин 600 щIохуэ. Хьэж щIыгъуэхэм и деж тхьэ елъэIупIэм зэуэ къекIуалIэхэм я бжыгъэр мелуаным нос.

● Махуэ лъапIэхэр

КъурIэн феджэ, Іыхьлыхэр вгъэгуфIэ

Ислъам календарым и мухьэрэм мазэм и епщIанэ махуэр Іэшрыщ. ЗэрыхъагъэфащэмкIэ (мазэщIэр къызэрыгъэхум елъытащ), мы гъэм ар щэкIуэгъуэм и 13-м ирохьэлIэ.

КЪУРIЭН лъапIэм къызэрыщыкIуамкIэ, а махуэращ Алыхьым уафэри, щIылъэри, мелыIычхэри, япэ щIыхури (Іэдэм) къыщигъэщIар. Хьэдисым къыщыкIуауэ Муслым Димамым къиІуэтэжащ абы техуэу унэщIыныр илъэс псом пIэщIэкIа гуэныхьхэр къызэрыпхуэгъэун Іэмалу зэрыщыгъыр. «Фынэщ Іэшры махуэм, абы и пэ ит махуэм и нужь ит махуэм», - жиIащ Мухьэммэд бегъымбар лъапIэм. Махуищми унэщIмэ нэхъ псапэжщ.

Пасэ зэманым ІэшрыI махуэ лъапIэм Іуэхугъуэшхуэ куэд къыщыхьуащ. Псалъэм пащIэ:

- Алыхьым япэ дыдэу кьигъэщIа цIыхум (ар бегъымбар лъапIэ Іэдэмщ) и духьэр къабыл хьури и гуэныхьыр Тхьэм кьыхуигъэгъуащ;

- Ибрахим бегъымбарыр къалъхуащ;

- бегъымбархэу Хьисэрэ Идрисрэ уафэм драхьеижащ;

- Ибрахим бегъымбарыр джаурхэм я мафIэм имысу кьэнащ...

ІэшрыIым ирихьэлIащ ДыкъэзыгъэщIам фIыуэ илъэгъуа Мусэ бегъымбарымрэ абы ИманкIэ гъусэ хуэхъуахэмрэ кьыщригъэлар. Бегъымбархэу Мусэрэ абы и къуэш Хьэрунрэ Тхьэм лIыкIуэу кьигъэкIуат фирхьэуныбмрэ (Мысырым и пащтыхьт) абы и дзэхэмрэ Алыхьым и фIэщхьыныгъэм къыхурадджэну, нэгъуэщI тхьэнэпцIхэм зыхуамыгъэщхьыну. Ауэ фирхьэуныр бзаджэнаджэт, езым тхьэпэлытэу зибжыкIи и лъэгущIэтхэми щхьэщэ зыхуригъэщIырт. А пщIыр naIуэ къащIыну бегъымбар зэкъуэщхэр иужь щихьэм къэгубжьри, исЛъамыр къэзыщта цIыху псоми япэщIэуващ.

Фирхьэуным и дзэр цIыху мелуанрэ мин 700-м нэсырт, исЛъамыр къэлыщтахэр мин 600 хьууэ арат. Апхуэдэу щыхьум Алыхьым Іэмыр ищIащ Мусэ бегъымбарым муслъымэнхэр гъусэ ищIу Мысырым икIыну. Ар къыщищIэм фирхьэуным и дзэр иришажьэри, абыхэм якIэякIэлъыпхъэращ. Ахэр зэрехулIащ тенджызэ Плъыжьым. Фирхьэуным и дзэ гуартэхэр щальагъум муслъымэнхэр гужьеят, ауэ Мусэ бегъымбарым къажриащ Иманынпшэ мыхъунхэу, Алыхьым и къарур зэрыгъунапкъэнпшэр зыщамыгъэгъупщэну.

Тхьэм и пэфIыр зыщыхуа Мусэ иЫгъ башмкIэ тенджызым хуэуну Кьыттщхьэщытым Іэмыр ищIащ. Ар щигъэзэщIам тенджызыр зэгуэкIащ. А лъагъуэм Тхьэм и лЫкIуэмрэ абы и Іуэмтхэмрэ техьащ. Къэхъуар щильагъум фирхьэуныр пэгащ - и гугъащ тенджызым щхьэщэ кьыхуищIу. И дзэр игъуэсу муслъымэнхэм я лъагъуэм ар техьащ, ауэ Алыхь Іэмыркъ тенджызым зызэхуищIыжри итхьэлащ, и дзэри исраф ищIащ. А гузэвэгъуэм къела джаурхэм я фIэщ хьуртэкъым Тхьэуэ ябжу щыта фирхьэуныр псым хэкIуэдауэ. АрщхьэкIэ абы и хьэдэр зэхэбгъэжауэ толькъуным тафэм кьыщытридзэжым зэгупсысыжахэщ.

Мухьэммэд бегъымбар лъапIэм и зэманми ІэшрыI махуэм мыхьэнэшхуэ ящIащ. Къапщтэмэ, хьиджрэм и епIанэ илъэсым и мухьэрэм мазэм и епщIанэ махуэм «Зат Ар-рикъ» зауэшхуэм щIидзэну щытат, ауэ джаурхэм я гум шынэ кьихьэщ, я къарум шэч кьытрахьэжри, муслъымэнхэм кьемызауэу щIэпхьэжахэщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Мухьэммэд бегъымбарри абы и Іуэмтхэри Алыхьым джаурхэм я бзаджэм щихьумащ.

Кьызэрыхэдгъэщащи, мухьэрэмыр исЛъамым и мазэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ. Абыи ІэшрыIыр хаІэтыкIыжащ. А махуэм нэхъыбэрэ КъурIэн еджэн, сабийхэр, Іыхьлыхэр, гъунэгъуэхэр гъэгуфIэн, Алыхьым ифIэфI Іуэхугъуэхэр лэжьын хуейщ.

ЖЫЛОКЪУЭ Люсанэ.

● Дэ кьытхуатх

Щыlэщ иджыри апхуэдэ цIыхуэхэр

ЦIыхур щытыкIэ куэдым къохутэ икIи абыхэм ятеухуф гукIинэжкIэ зэмылIэужьыгъуэ: язныкъуэхэр нэхъ псынщIэу зэрыпщыгъупщэжыным яужь уитщ, ауэ къохьу уи гъащIэ псокIэ гум къинж. Ар фIым, цIыхум я сэбэн зыхэлъым теухуаныр, сэри зыгуэрым сегуэлаРят жэзыгъэIэщ.

ДИ АНЭМ, Борсэхэ ди унагъуэм и гуащэм, и узыншагъэм дрилейтейрт. Абы и гур операцэ ящIын хуейуэ кьыхуагъэуват. Абы щхьэкIэ Астрэхьан кIэн хуейт. «Сыкъэзыгъэпсэу гум дауэ хэзгъэIэбэну, кьрикIунури сыт?» - тегушхуэфыртэкъым ар кьыпэщылъ Іэхум.

Ялэмыжыжьэу щыпсэу уней хьэрычэтыщIэ Кьанкъул Лиуанхэ дежкIэ махуэ гуэрым ар блэкIыну, «Хьунумэ, кьыдыхьэт!», - жиIэри унэр зейр ди анэм къеджащ. «Уи хъыбар зэхэсхащ. Умышынэ, псори, Алыхьым жиIэмэ, фIыуэ зэфIэкIынущ. Тегушхуэ кьыппэщылъ Іэхуми, уи узыншагъэр зэфIэгуэвэжынщ, абы уэрэ уи унагъуэри щыгуфIыкIыжынщ. МащIэми, мыри зыгуэркIэ кьыпщхьэпэнщ», - къыжриIэри сом мин бжыгъэкIэ зыкъыщигъэкъуащ.

Ди анэр, гуащэр абы и фIыгъэкIэ тегушхуэри и операцэри хъарэрынэу зэфIэкIащ. Тхьэшхуэм и шыкуркIэ и узыншагъэри ефIэкIуэжащи, догуфIэ.

Апхуэдэ цIыху нэс, хабзэ зыхэлъ, Іиман зыбгъэдэлъ ди нобэм ущыхуэзэкIэ, ди лъэпкъым къыщыхэкIкIэ уэзрыгушхуэщ. А цIыху тепыщэм теухуа тхыгъэ накъыгъэм кьыдэкIа «Ислъамым и нурым» дыкъыщеджати, Іыхьэлейуэ гуапэ тщыхуащ. Абы и дуней тетыкIэм, и Іуэху зехьэкIэм, и гум, и псэм кьыбгъэдэкIыу куэдым зэрызэщIигъэкъуэм кьыпэкIуэжынур, дауи, фIыщ. Зэрыжаlэщи, уи Іэгум икIырщ бгъэтыжынур.

Кьанкъул Лиуан псапэу зэрикьэм, и гупылъэм, и цIыхугъэмрэ хабзэмрэ папщIэ ину фIыщIэ худощ. И унагъуэм, и бынхэм, и щIэблэм я щапхъэу, гъащIэм и Іофыгъэр зыхащIэу, и нэхугъэр кьатепсэу, езыр жьэгум и тхьэмадзэу куэдрэ псэуну дыхуохьуахъэри, и гурылъхэмрэ мурадхэмрэ Тхьэм кьыхуэпащэ, Алыхьышхуэр фIыгъуэм я нэхъ лъапIэмкIэ кьыхуреупсэ.

Борсэхэ я унагъуэр.
Налшык къалэ

● ПщIэну щхьэпэщ

Тобэ къыщахьыжымрэ тхьэ щелъэIумрэ я мазэ

Муслъымэн илъэсыщIэр хьиджрэмкIэ мухьэрэм мазэм и япэ махуэм къохьэ. Абы къыхэкIыу щэкIуэгъуэм и 4-м (мухьэрэмым и 1-м) ислъамымкIэ 1435 гъэр къэунэхунущ.

ИЛЪЭСЫЩIЭР кьызэрихьэр дэ дыдэресам хуэдэу ехьэжьауэ ислъамым игъэлъапIэхэм ящыщкъым икIи муслъымэн къэралыгъуэхэм ар щаІэткъым. А махуэм мэжджытхэм тхьэ щолъэIу, нэмэз щащI. Мухьэмэд бегъымбарыр Мэккэ икIыу Мединэ 622 гъэм зэрыІэпхъуам теухуа уаэхэр щат.

Муслъымэн махуэрыбжэм мухьэрэмыр и япэ мазэщ икIи ар зэребгъэкIым хуэдэу а илъэсри кьэбгъэщIэну кьаІытэ. Абы кьыхэкIыу Алыхьтелъэм а лъэхъэнэм щыхуэм япиубдащ зэныкъуэкъуныр, зэфIэнэныр, яІь ящIэжыныр, зауэхэр ирагъэкIуэкIыныр лъэныкьуэ ирагъэзыхьуейуэ.

Мухьэрэмыр тобэ кьыщахьыжымрэ тхьэ щелъэIумрэ я мазэ лъапIэщ. Мухьэмэд бегъымбарым щыхуэхэр зэгуэрым еупщащ: «Рэмэзаным кьыщынэмыщIауэ сыт хуэдэ мазэм унэщIыну нэхъыфI?». - Тхьэм и мазэу «мухьэрэм» кIэ фызэдэжрщ, - кьытыжащ жуаущ. Абы и мазэхэкIэ нэщIар мазэу 30 езыхьэкIам хуеГьадэ.

Пакистаным хьыхэ Карачи къалэм къыщыщIидзэри абы щыпсэу Раи Харлзаде Казрат Мэккэ нэс лъэсу хьэжыщI кIуащ.

ИЛЪЭС 37-рэ зи ныбжь лIыр мэкъуауэгъуэм и 7-м гъуэгуанэ теуващ. МазипIым нэблагъэм кьриубыдэу Ираным, Ираким, Иорданым я гъунапкъэхэр зэпиупщIри, ар Сауд Хьэрыпым жэпуэгъуэм и 1-м нэсащ икIи хэжыщIым щИидзэным тхьэмахуитI иІэжу Мэккэ кIуащ.

«Сэ сыхуейщ дуней псом мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ щыщыІэну икIи муслъымэн псори быдэу зэкъуэувэну, - жиIащ Раи Харлзаде Казрат журналистхэм щахуэзам. - КъызгурыІуэрт лъэсу сызытеува гъуэгуанэр зэрышынагъуэр икIи зэрыхьэлъэр, ауэ Алыхьым сыкъыхъумащ икIи сыпсэуурэ сыуэзащ ДыкъэзыгъэщIам шыкур хуэощI».

● Щапхъэ

Лъэсу километр 6387-рэ

● Фи лъэIукIэ

ЩэкIуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, мэрем	6.10	7.40	13.00	15.44	17.57	19.37
2, щэбэт	6.12	7.42	13.00	15.43	17.56	19.36
3, тхьэмахуэ	6.13	7.43	13.00	15.42	17.55	19.35
4, блыщхьэ	6.14	7.44	13.00	15.41	17.53	19.33
5, гъубж	6.16	7.46	13.00	15.40	17.52	19.32
6, бэрэжьей	6.17	7.47	13.00	15.39	17.51	19.31
7, махуэку	6.18	7.48	13.00	15.38	17.50	19.30
8, мэрем	6.19	7.49	13.00	15.37	17.48	19.28
9, щэбэт	6.21	7.51	13.00	15.36	17.47	19.27
10, тхьэмахуэ	6.22	7.52	13.00	15.35	17.46	19.26
11, блыщхьэ	6.23	7.53	13.00	15.34	17.45	19.25
12, гъубж	6.25	7.55	13.00	15.33	17.44	19.24
13, бэрэжьей	6.26	7.56	13.00	15.32	17.43	19.23
14, махуэку	6.27	7.57	13.00	15.32	17.42	19.22
15, мэрем	6.29	7.59	13.00	15.31	17.41	19.21
16, щэбэт	6.30	8.00	13.01	15.30	17.40	19.20
17, тхьэмахуэ	6.31	8.01	13.01	15.29	17.39	19.19
18, блыщхьэ	6.32	8.02	13.01	15.29	17.38	19.18
19, гъубж	6.34	8.04	13.01	15.28	17.37	19.17
20, бэрэжьей	6.35	8.05	13.01	15.27	17.37	19.17
21, махуэку	6.36	8.06	13.02	15.27	17.36	19.16
22, мэрем	6.37	8.07	13.02	15.26	17.35	19.15
23, щэбэт	6.39	8.09	13.02	15.26	17.34	19.14
24, тхьэмахуэ	6.40	8.10	13.02	15.25	17.34	19.14
25, блыщхьэ	6.41	8.11	13.03	15.25	17.33	19.13
26, гъубж	6.42	8.12	13.03	15.24	17.32	19.12
27, бэрэжьей	6.43	8.13	13.03	15.24	17.32	19.12
28, махуэку	6.45	8.15	13.04	15.23	17.31	19.11
29, мэрем	6.46	8.16	13.04	15.23	17.31	19.11
30, щэбэт	6.47	8.17	13.04	15.23	17.31	19.11

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ Іапи Іэм къыдитащ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхъэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

● ФIыщIэ

Псапэ ялэжь

Гъуэгу щIыныр, лъэмыж тельхъэныр, цIыхуэхэм псы яхуэщIэныр, ди лIахэр зыщIэлъ кхъэр зыхуэят хуэгъэзэныр псапэ зыпылъ Іуэхугъуэхэщ.

КЪУЛЬКЪУЖЬИ Ипщэ (Абзуанхьэблэ) япэ дыдэу кьыдэтIыкъхьаХэм (1953 - 1954 гъ.) илъэс куэд хьуауэ кьагъэсэбэп кхъэр хьалэч хьуат. КьызэрыщIыхьа мывэ сэрейр зэтещэхати, Іэщ кIэрыутIыпщхэмрэ хьэ хьэулейхэмрэ кхъащхьэхэмрэ абыхэм ящхьэщыт сынхэмрэ Іисраф ящырт. А щIыпIэм Іуплъэхукlэ зи лIахэр а кхъэм щIэлъ кьуажэдэсхэм я гури я псэри узырт. Апхуэдэу щыхьум мурад ящIащ щхьэж хуэзэфIжI халъхьэу гъущI хьар абы Іуагъэувэну.

ИужькIэ гууэ-лыуэ зиІэ, муслъымэнныгъэ куу зыбгъэдэлъ щалэ зыгъущым жэрдэм кьыхалъхьащ жэмыхьэтым хуубыдэ лъэпкъэм я унагъуэхэм сом мин зырыз кьыІахьыу кхъэр зыхуэят хуагъэзэну. Іуэху щхьэпэр зэтезыубла, а лэжьыгъэм зи гуащIэ езыхьэлIахэм ящыщщ Бэлэгъы Хьэцу, АфIэунэ Хьэжмухьэмэд, Дзэхэ Борис, Асльэн, Руслан, Хьызыр, Мэмбэтхэ Лиуан, Хьэжмусэ, Юрэ, Тимур, Заур, Кьардэн Хьэжмухьэмэд, Зэрэзей Олег, Батыр Артур сымэ, нэгъуэщIэхэри. Абдыхэм яхэтщ сом мин бжыгъэ Іуэхум хэзыльхьаХэри, лэжьакIуэ гупыр махуэкIэ зыгъэшхахэри, езыхэм я гуащIэ езыхьэлIахэри. Я ныбжьыр хэкIуэтами, емызэшу а Іуэхум ирахьэлIащ АфIэунэ Хьэзэрэталий, Батыр Залымхьан, Мэмбэт Хьэжмусэ (Исуф и къуэр), Кугъуэт Юрэ, Нэхущхэ Артур, Тимборэ, Мэмбэт Хьэжмусэ (Хьэлий и къуэр), Цей Хьэрэбий, АфIэунэ Аскэрбий сымэ.

Ди гугъуехьхэр тщагъэпсынщIащ икIи зыкьытщIагъэкъуащ Бахьсэн район администрацэм и тхьэмадзэ Сыжажэ Хьэсэнрэ абы и къуэдзэ Іэхьуэбэч Анзоррэ. ЗыкьытщIэзыгъэкъуахэм ящыщщ Кьулькъужьи Ипщэ кьыщалъхуами и кьулыкъукIэ Шэджэм кьалэ псэупIэ зыхуэхъуа Іэхьуэбэч Амдул, Бахьсэн прокуратурэм и лэжьакIуэ Іэхьуэбэч Артур, Кьанкъул Заур, ПщыукI Хьэчим, Азыч Наурыз, ди кьуажэм щыщхэу Бахьсэн щыпсэухэу Кьардэн Анзор, Хьэущысокьуэ Асльэн сымэ. Кьулькъужьидэсхэм абыхэм хужаІэ фIыгъуэр Тхьэм кьальигъэс!

Зи цIэ кьисIуахэм, а Іуэху щхьэпэм зы мащIэкIэ нэхъ мыхьуми кьыхьхьа дэтхэнэми я псапэр яхуэбгъуэмэ, берычэтрэ узыншагъэрэ кьахуэдэжIуэмэ си гуапэщи, Тхьэм кьаригъэхьлIэ, гугъу зыщIрагъэхьам ди лIахэм я псэр щыгуфIыкIыну Алыхьым жиІэ.

Кьетхьэжьа Іуэхум адэжи кьыпытщэну, а зэгъэпэщыжьынигъэр и кIэм нэдгъэсыну ди мурадщи, зыгъэркIэ абы сыхьхьарэт жьзыIэ ди кьуажэгъуэхэр, абыхэм ящыщу нэгъуэщI щIыпIэ щыпсэухэри, фыкьыпэджэжмэ ди гуапэщ.

ПОУНЭЖ-БЭЧ Хьэлий.

Хакас артистхэм куэд яхуэзэфIокI

● Гъуазджэ

Ди газетым зэрыгетащи, мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэщ Хакасие Республикэм Драмэмрэ лъэпкъ макъамэмкIэ и «ЧитIген» къэрал театрыр. Артистхэр Кавказ Ищхъэрэ къыхуэхIуэ гъуэгум иджы япэу къыгетхьащ «Урысейм и щэнхабзэр (2012 - 2018)» федеральнэ программэм ипкъ итIкIэ, хакасхэм я щэнхабзэм, фашэм, лъэпкъ хабзэхэм, зэрахъэ макъамэ Iэмэпсымэхэм, гъыазджэм щаIэ ехьулIэныгъэхэм ди щыхуэхэр щыгъуазэ ящыIэ мурадкIэ. Алхуэдэуи мы Урысыем лъэпкъ зэхуэцытыкIэхэр иригъэфIекIуэну къыхэзыгъэпэщкIуэхэр щогуфь. «ЧитIген» театрым и спектакIхэр Налшыкрэ республикэм и районхэмрэ щагъэхъэгъуэ нуэкь. Горький Максим и цIэр зезыхь Къэбэрдей-Балъкъэр Урыс къэрал драмэ театрым и лэжьыгъэхэри Хакасием ишэнущ.

«ЧитIген»-р апэ щыкIэ щыIащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, иджы КъБР-м къыщыззэтеувыIащ, Налшык и мызакъуэу, Тырныауз, Прохладнэ къалэхэми кIуэну я мураду. КъыкIэпыкIуэр Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и къалащхьэ Владикавказ.

Сыбыр федеральнэ щыналъэм и театр нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм щыщ «ЧитIген» («Вагьуэззшибл») театрыр 1988 гъэм къызэрагъэпэщащ. Зыбжанэрэ и щытыкIэм зихуэзакIэ, 2005 гъэм драмэмрэ лъэпкъ макъамэмкIэ театр хъуащ. Ар лъэпкым и гъусэу щIэ къызыпыхьуэ зэпыт Iуэхущ IанIэщ. Абы и щапхъэ дахтрэхэм утыку кьрахьэ драмэ лэжьыгъэмрэ лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэмрэ гъэщIэгъуэну утыкум зэрыщыIэщIэжьыуэр. Театрым и репертуарым хэтщ хакас, урысей, хамэ къэрал драматургием щыщ лэжьыгъэ купщIафIэу лъэпкъыбзэмкIэ агъуэвахэр. Абыхэм епль цIыкIухэм Iмал яIэщ лъэпкъ зэмыдэныгъуэхэм я дуней еплныкIэм, я зэхэтыкIэм щыгъуазэ защыну.

Театрым хэту «Айланыс» («Къежьапlэхэр къэхуэтжьын») ансамбль къызэрыгъэпэщащ щыхьэт хотхуэу щыхубэ хуэрэд жьыIэкIэр, лъэпкъ макъамэ IэмэпсымэуэкIэр зэфIэгъэувэжыныр, хьумэныр зэрамурадым.

«ЧитIген»-м и лэжьыгъэхэр щигъэлъэгъуащ СНГ-м и къэралхэм, Русеий Федерацэм и щIыналъэ куэдым, Франджым, Бельгием, Польшэм, Хорватием, Молдовэм, Голландием, Тыркуем, Монголием, нэгъуэщI щIыпIэхэми. Абы егъэуф нэхъ щыкIу дыдэхэм дежи щегъэжьауэ зи ныбжь хэкIуэтахэм деж нэсу ягъэIэгъэщIэгъуэныну спектаклхэр, Пенсионерхэмрэ хуэмышIа унагъуэхэм щыщхэмрэ хуэгъэза программэ щыIэщи, ахэр пщIэншэу щIагъэхьэ, студентхэмрэ школакIуэхэмрэ Iахьир и уасэ ныкъуэщI.

Жэпуэгъуэм и 22-м Кулиев Бгъаубэ и цIэр зезыхьэ Балъкъэр драмэ театрым хьэщIэхэр журналистхэм щахуэзащ. ЗэIущIэм кьрихьэлIат ЧитIген» театрым и унафэщI **Канзычаков Виталий**, абы и къуэдзэ **Чустугешевэ Иринэ**, Хакасие Республикэм щыхь зиIэ и артист **Топоев Валерий**, литчастым и унафэщI **Ивандаевэ Ольгэ**, дир республикэм и Урыс драмэ театрым и унафэщI **Николаевэ ФатIимэ**. Театрым и артистхэр кьанэ щымыIэу Налшык къызэрыкIуар, я зэфIэкI ягъэпытэгъуэну зэрыхъэзырыр кьыхагъэщащ хьэщIэхэм.

Пресс-конференцэр щеIуэкI махуэм ирихьэлIэу, хьэщIэхэм зрагъэпэлъэгъуфар Хьэтюхьущыкьуэй зыгъэпсэхупIэ хадэрати, зэрагъэщIэгъуэнур ящIэртэкьым. Топоевым жиIэрт ар лъэсу кьызэрихьыну щытетхущхэм зэрепIэщIэкIар, ар мыуэзу тынну кьызэрыщIэкIар. «Сыти жыIи, ди кьалэр зэрыщыту мыхьыми, и нэхъыбэр абы икIуэдэнут», - жиIащ кьэпсэлъам. Кьалэм и дахагъри, цIыкIуэр зэрынэфIэгъуфIэри ягу зэрырихьыр, кьызэрыкIуар зэрагуапэр, зы мэскъалкIи зэрыщIемыгъуэжар кьыхагъэщащ.

Журналистхэм ди упщIэхэм жэуап кьыщIэтым, театрым и унафэщIыр Iуэху куэдым тепсэлъыхьащ, абы и щыIэкIэм, и лэжьыгъэм щыщIэдзауэ и артистхэр зэрагъэхьэзырым деж щиуэхьжу. ХьэщIэхэм щыгъуэзэдызэращIащи, Хакасие Республикэм щолажьэ профессионалнэ театру плIы, унейуэ зыбжанэ. Драмэмрэ лъэпкъ макъамэмкIэ «ЧитIген» театрым, адрейхэм кьащхьэщыкIыу, и кьалэн нэхъыщIыхьэр зыхалъхьэуэр лъэпкъ гупсысэр, зэхэщIыкIыр зи лъабжьэ «Iэжьигъэхэр утыку кьыхъэныр», лъэпкъыбзэр хьумэныр, Абы и лъэныкьуэкIэ театрым и лэжьакIуэхэми ЩэнхабзэмкIэ республикэм и министерствэм яхуэзфIэкI кьагъанэрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр зи лъабжьэ «Хуэ» щэнхабзэмкIэ министрыр театрым и унафэщIу зэрыщытам, абы и «IуэхьIэм зэрыщыгъуазэм. А Iуэхум нэмыщIамэ, дуней псор ди спектаклхэр дгъэльагъэу кьыхэзэхэткIыхьыну Iэмал диIэнуи кьыщIэкIынтэкъым», - жиIащ Канзычаков Виталий.

Къыпщтэмэ, ди театрхэр зыжьэхэуэ Iуэху кьыинхэращ хакас театрми иIэр. Ар лъэпкъ драматургие щагъэгъуэну зэрыщымыIэрщи, театрепхъуэну зэрамащIэрщ, кьэралым кьыхунутIыпIщ мыльку кумкIэ зэрымыпсэуфырщ. АтIэми ягу зэрагъэфI, я Iуэхур дзэыгъэкIыну Iэмалхэр щыIэщи, абы егъэгушхуэ.

- ХакасыбзэкIэ тха пьесэ дызэримащIэм, дгъэувын дызэримыIэм кьыхэкIыу, ильэс зытIущ ипэкIэ кьыхалъхьащ апхуэдэ тхыгъэхэм я зэпеуэр. Ди гуапэ зэрыхъунщи, абы фIы кьриIуэну ипэ зэпыт нэхьрэ адрейм нэхъыбэ хъуурэ Iуэхур мэкIуатэ. Пэжщ, зэгъэзэхуэжьхи хуейхэри мымащIэу яхэтщ, ауэ нэхъыщхьэр щIэпъ лъабжьэращи, кьыщIэта гупсысэкIэ Iейхэкьым, - жаIащ хьэщIэхэм.

КьызэрыхагъэщамкIэ, я репертуарым и процент 80-р зэрыгъэувар анэдэлъхуэ щIэпъ, урысыбзэкIэ утыку кьрахьэр нэхъыбэу сабий спектаклхэщ. «Абыи егупсысыпхъэщ, - жеIэ театрым и унафэщIым. - ЩIэблэм бзэр зэрыIэщIэхум, нэхъыбэу урысыбзэкIэ гъэсащ зэрыхъуам дегъэгъазэри, дяпэкIэ сабий спектаклхэр хакасыбзэкIэ зэрыдгъэувыным яужь дитиныщ».

«ЧитIген» театрым зэхэзекIуэ куэдхэр и фэм зэрыщыхуэр Хакасием щIыхь зиIэ и артист Топоев Валерий зыхилъагъуэр гупыр зэрыщIалэрщ. Ар зы лъэныкьуэкIи фIыщ, мыдрейуэ чэнджэщэгъуэм, блэкIа зэманым и фIым хэзыгъэгъуэзэн нэхъыжьыуэхэр зэрамащIэр гуапэкъым. Театрым и артистхэр зэрэгъэныр, зэрырыгъэджэным яужь итщ республикэр. Псаутэм папщIэ, актёр Iэщагъэ зрагъэгъуэту лъэпкъ театрым хуэлэжьэным щхьэкIэ еджапIэ ягъанIэу Театр гъуазджэмкIэ Санкт-Петербург дэт академием.

ЗэIущIэр щекIуэкIа махуэм и пщыхьэщхьэм ягъэлъэгъуащ хакасхэм я лъэпкъ гупсысэр, щэнхабзэр зи лъабжьэ «Ахоп» музыкэ спектаклыр. ХьэщIэхэм кьызэрыхагъэщамкIэ, ар ягъэуващ Прохоров Михаил и фондым кьыхэкI мылькукIэ. УэрэдзыжьыкIэ зэрагъэкIуэм (хайджа) и зэхэзекIуэм теухуа «Ахоп»-р Абакан кьалэм щекIуэжьа «Чир Чайаан-2010» IV Дунеипсо лъэпкъ фестивалым и лауреатщ. Спектаклым щагъэзэщIа тахпах макъамэр, лъэпкъ Iэмэпсымэхэм я зэщIэжьыуэ телъыджэр псалъэ хуэныкьуэтэкьым. Хакасхэм я дуней еплIыкIэм, я зэхэтыкIэм, хабзэ зехьэкIэми макъамэбзэкIэ ухагъэгъуазэрт. Лэжьыгъэр яджьыри зэ, жэпуэгъуэм и 28-м, ягъэлъэгъуэнуц.

«Си лъахэм и бзуэкIэр» Iуэрыдуэтэ пшыхьыр «ЧитIген» театрым и «Айланыс» ансамблым щигъэлъэгъуащ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и пэщым. Жэпуэгъуэм и 28-м Балъкъэр театрым утыку кьыщрахьащ «ЧАРГЫ» («Суд») спектаклыр, Акутагавэ Рюносэ и «В чаще» новеллэм къытращыкIар. Тхыгъэм и лъабжьэр ykIыгъащ, ар театреплъым и пащхьэ гъэщIэгъуэну щызэхэгъэкI. Лэжьыгъэр зэрыщIэщыгъуэм щыхьэт тохуэу ар Уфа (Башкортостан), Абакан (Хакасие), Барнаул (Алтай край), Кызэн (Тэтэрстан), Кишинёв (Молдовэ) кьалэхэм щекIуэкIа театр фестивалхэмрэ зэхьэзэхуэмрэ зэрыхэтэгъэ, мы зэ-мыгъэуи зэрыщыткIуар.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтыр **ТОЛГУРОВ Камал** *тириящ.*

Альберт Ясубей токIуэ

«Битва под Москвой - 2013» зи чэзу удэзыхьэх спорт зэпеуэ жэпуэгъуэм и 26-м Мэзкуу дэт «Урысей» къэрал концерт гъэпсыгъуэпIэ нэхъыщхьэм Iэпщэрыбанэ зэхэтымкIэ щекIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэр иджы ётIуанэу а зэхьэзэхуэм щихъумащ икIи хьэрхуэрэгъу кьыхуэхъуэ Эномото Ясубей эфIэкIри токIуэныгъэр зыIэригъэхьащ ди лъахэгъу Туменов Альберт.

ЗэХЬЭЗЭХУЭМ кIэлъплъэр ди спортсменым токIуэныгъэр нокауткIэ зыIэригъэхьану щыгугъыр-ти, псоми дзрэжэгъуэ яритащ. Ущыхъ кьызэрихьэу и хьэрхуэрэгъур псынщIэу зэрыхигъэщIэн Iэмал псори Альберт кьигъэсбэлну щIидзащ. ЗэIущIэм и кум Туменовым Швейцарием щыщ Эномото утыкум щригъэуплъыкIащ. Абы зыкъиIэтыжа щхьэкIэ лъакъуэкIэ хуэзри, абдежым зэпэщIэтыныгъэр щиухащ.

Кьыхэдгъэщынщи, а зэIущIэм и пэкIэ Эномото Ясубей нокауткIэ щыхагъэщIа кьэхуэкъуэм. Туменов Альберт и хьэрхуэрэгъум екIуу токIуэри зэрыльэщыр, ММА-м и элитэм зэрыщыщыр псоми хьэжь ящищащ.

А спорт зэпеуэм и кьызэрэпэщакIуэхэм ящыщ кикбоксингымкIэ дуней псом и чемпион Хасиков Бату зэIущIэ ныжьым «Ар фIэщщыгъуеиIщ!..» псалъэхэм зыбжанэрэ кьытригъэзэжащ. БоксымкIэ дуней псом и чемпион Проводников Руслан щыгъуу утыкум ихьри, Туменовым и токIуэныгъэмкIэ ар ехъуэхъуащ.

Уи гур дыхэхъуэрт Альберт и ехъулIэныгъэм зэрыущIам. ЗыIэригъэхьа дамыгъэр кьыщатрыжьам абы льагэу Iэтауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ныпыр иIыгащ.

● Iэпщэрыбанэ

Туменов Альберт иригъэкIуэкIа зэIущIэ 13-м щыщу 12-м щытекIуащ, абыхэм ящыщу 7-р нокауткIэ кьиухащ. Ар зэ закъуэщ ыкIи зэрыщыгъэщIар.

- Альберт зэпеуэм хуэхьэзыру щытащ икIи токIуэ зыкъигъэльэгъуащ. Ину фIыщIэ яхудощI кьыздэщIащхьэм. Фращ токIуэныгъэм хуэзыша апхуэдизр дзрэжэгъуэрэ тегушхуэныгъэрэ кьыздэзытар, - жиIащ спортсменым и и тренер, абы и адэ Туменов Хъусей.

КУЖОНОВЭ Эльмирэ.

● «Нарт джэгухэр»

Хабзэфым лъэпкъыр егъэгушхуэ

Бабугент къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щызэхэтащ иджы еплIанэу нрагъэкIуэкI «Нарт джэгухэр». Абы кьрихьэлIаxэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ, ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэмэ зэрагъапэр ядгъащ Iуэхум и кьызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэхэу Тетуев Хьэдисрэ усакIуэ Табакоев Мухьтаррэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Мечукаев Азрэт, кьуажэ администрацэм и тхьэмадэ Османов Мухьтар сыкъэ.

ЗэПЕУЭ гъэщIэгъуэнхэм хэтащ Балъкъэр Ищщэ, Безенги, Бырэсу, Бабугент, Таршлы-Тала кьуажэхэм, КъБКъУ-м щыIэ Балъкъэр щэнхабзэ центрым и командэхэр.

«Нарт джэгухэр» кьыщызэIуахым, лъэпкъ макъамэм щIэту утыкум кьихьа гупхэр зэщхьэщыкIырт я дамыгъэхэмкIэ, ныпхэмкIэ, зэманыжьым и лъэпкъ фащэхэр кьызытещ я щыгъынхэмкIэ.

Щыхухьуэм я зэфIэкI щагъэльагъуащ лъэпкъ бэнэкIэм, мывэ дзыным, Iэпщэкlэ зэпекъуным. «Айсурат» зэпеуэм хьыджэбзхэм утыку кьыщрахьащ пасэрей лъэпкъ фащэхэр, зыныгъыкIэ дахэхэр. Псори дихьхат лъэпкъ кьафэмрэ уэрэдымрэ зэрагъэзащIэм.

Зэхьэзэхуэм кьрикIуэахэмкIэ япэ увыпIэр лъысащ Ташлы-Тала и гупым, КъБКъУ-м щыIэ Балъкъэр щэнхабзэ центрым и командэр етIуанэ хъуащ, ещанэ увыпIэхэр зэдагъэщащ Безенгирэ Бабугентрэ я гупхэм.

- Iуэхугъуэм и купщIэ нэхъыщхьэр кIуэ пэтми яIэщIагъэупщIкIыж лъэпкъ хабзэр кьэгъэщIэрэщIэжьныкьуэ, ЩалэгъуэлIэм ар ящIэн хуейщ. ДыкьызыхтехуэкIыжа ди нэхъыжьхэми хуэдэу мамыру, зэныбжьэгъуегъэрэ зэгурыIуныгъэрэ яку дэпсэну абыхэм я кьалэнщ, - кьыхигъэщащ Тетуев Хьэдис.

КУЖОНОВЭ Эльмирэ.

● Бокс

Чемпионатым зыхуагъэхьэзыр

«Профсоюзхэр» физкультурэ зэгухьэныгъэм боксымкIэ Астрэхьан щригъэкIуэкIа чемпионатым Урысейм и щыналъэ псоми я спортсмен 90 зэхэтщ. Абыхэм яхэтащ Кэбэрдей-Балкъэрым и спортсмениті икIи токIуэныгъэр кьахьащ.

КIЭРЭФ Тимур (кг 75-м нэс и хьэлъагъщ) зэIущIи 4 иригъэкIуэкIати, дэтхэнэми щытекIуащ. Набитов Артем (кг 91-м нэс) и хьэрхуэрэгъуэм ефIэкIри дыщэ медальр зыIэригъэхьащ.

Ди щIалэхэр яхэхуащ щыщхьэгубуэм Хабаровск щекIуэкIыну Урысей чемпионатым хэтынухэм. Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, нэхъапIэкIэ абы кIуэну Iэмал яIэтуэтащ Энеев Казим, Валаев Назир, Шурдым Кьазбэч, Гаджиев Алим сымэ.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

● ЕгъэджэнныгъэI

Адэ-анэхэр щогуфIыкI

Иджыбгьлагъ Май районым сабий творчествэмкIэ уиз кьыщыгъуэхащ.

АБЫ И унафэщI Мухарямовэ Светланэ щыгъуазэ дызэрыщIамкIэ, мыпхуэдэ ЕнатIэхэр Урысейм и щIыналъэ куэдым кьыщызэрагъэпэщ.

Iуэхущ IанIэм и кьалэн зэфIэкI яIэу зыкъозыгъэлъэгъуа сабийхэм ядлэжьэным и мызакъуэу, дэтхэнэ зыми бгъэдэль зэфIэкIыр кьэхутауэ нэхъри зегъэужьынырщ. УнафэщIыр апхуэдэу тепсэлъыхьащ нэгъуэщI щIалэхэм кьыщыунэхуа центрхэм я унэтIныгъэхэмрэ ахэр зэрыщыIэ зэманым кьриубыдэу кьрахьэлIа лэжьыгъэхэмрэ.

ЦIыкIуэхэм зэрадлэжьэну лъэныкъуэхэм ящыщу физическэ щэнхабзэр, творческэ зэфIэкIыр, акъылым зегъэужьыныр. Дэтхэнэ зымкIи сабийхэм епхауэ щытынущ IэщагъэлI Iэзэхэр. Апхуэдэу я зыгъэпсэхугъуэ зэманри дерс кьыхахьи хуэдизу гъэщIэгъуэну кьызэрагъэпэщынущ.

Центрым и япэ гъэсэн цIыкIуэхэр хэту япэ концертыр ятащ. Абы кьрагъэблэгъащ адэ-анэхэри, егъэджэныгъэмкIэ район кьудамэм и лэжьакIуэхэри. ЦIыкIуэхэр кьэфащ, усэхэм кьыджащ, фIыуэ яIэтащ таурыхъэхэм тепсэлъыхьащ, гъэсакIуэхэр я гъусэу джэгукIэщIэхэр зэрагъэщIащ. Зи бжэр адэ-анэ псоми кьахуэзIуэныхэм зэфIэкIыу щIэныгъэ, гъэсэныгъэ зыгъэгъуэнущ, щIэныгъэ, гъэсэныгъэ зыгъэгъуэнущ.

Гъэсэныгъэ хэту ящыщ зыкъомкIэ ящыщ ящыщ физическэ щэнхабзэр, творческэ зэфIэкIыр, акъылым зегъэужьыныр. Дэтхэнэ зымкIи сабийхэм епхауэ щытынущ IэщагъэлI Iэзэхэр. Апхуэдэу я зыгъэпсэхугъуэ зэманри дерс кьыхахьи хуэдизу гъэщIэгъуэну кьызэрагъэпэщынущ.

Центрым и япэ гъэсэн цIыкIуэхэр хэту япэ концертыр ятащ. Абы кьрагъэблэгъащ адэ-анэхэри, егъэджэныгъэмкIэ район кьудамэм и лэжьакIуэхэри. ЦIыкIуэхэр кьэфащ, усэхэм кьыджащ, фIыуэ яIэтащ таурыхъэхэм тепсэлъыхьащ, гъэсакIуэхэр я гъусэу джэгукIэщIэхэр зэрагъэщIащ. Зи бжэр адэ-анэ псоми кьахуэзIуэныхэм зэфIэкIыу щIэныгъэ, гъэсэныгъэ зыгъэгъуэнущ, щIэныгъэ, гъэсэныгъэ зыгъэгъуэнущ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.757 ●Заказ №2737

Анэ Iэфlыгъэр къыдомэщIэкI

● Фэеплъ

Дунейм екъыжа щIыхум и щIалэхэр, и гупсысэхэр, и теплъэр куэдрэ ди гум илыж. Ар щIыхь зиIэ щIалэ щыщIыкIым, ди Iыхьлы дыдэу щытмэ. Си тхыгъэ кIэщIымкIэ зи гугъу фхуэсщIынур ди анэ Мэкъуауэ Ленэщ. Унагъуэм и щхэнсу щыта, абы ис дэтхэнэми зи Iэфlагъ, хуабагъ лыигъэсу псоуа ди анэр дунейм зэрехьыжр щэкIуэгъэм и 2-м, ильэситI ирокъу...

ГъАЩIЭ дахэ, насыпыфIэ къызэдагъэщIащ ди адэ Iэмырбийрэ ди анэ Ленэрэ. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ зи лъабжьэ унагъуэ дахэм бынитI дыщапIащ: сэрэ си дэлъху закъуэ Мухьомэдрэ. ДызэрыщIыкIу лъандэрэ ди ныгум щIэкIащ ди адэ-анэм жиу дэлъа пшIэр, ямысыр. Къыхэчуэмыжьыжьа я макъ Iэтауэ ахэр эпсэлъауэ е зыр адрейм хуэзгъэпауэ, зыхуигъэгусауэ. Я IэщIагъэкIи зэпэгъунэгъуэт а тIур: технологхэт. Ди анэм а IэщIагъэр щызригъэгъэтат Налшык дэт технологие техникумым, ди адэр абы щыхуедащ ди кьралым и щыхьэр Москва дэт, Плехановым и цIэр зезыхьэ аджапIэ нэхъыщхьэм. Зэман кIыхькIэ ахэр щызэдэлажьащ Ставрэ Шэрэдж дэт шхапIэм. Нэрылъагъут абыхэм я IэщIагъэр гурэ псэкIэ кьызэрыхахар. ЩIыпIэм, республикэм махуэшхэу хэхахэр зрагъэлъапIэмэ, абыхэм екIуу зыадэ-анэм, ерысакъыр ди адэ-анэм, адыгэ шхын Iэфlхэм я гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэтхэр кьызэрагъэпэщу. Зыпэрыт Iэнатlэр хуаIэ апхуэдэ жэуаплныныгъэм, яхэль пэжагъымрэ щIыхь хэтыкIэмрэ щхьэкIэ кьуажэдэсхэм пщIэрэ нэмысрэ кьыхуащIырт ди адэ-анэм.

Апхуэдэу хьэлэту лэжьами, унагъуэ Iуэхур, быныр зэи Iэпэдэгъэлэл ящIа-кьым абыхэм. Мухьэмэди сэри адыгэ хабзэрэ нэмысрэ тхэльу дызэрагъэсэныр, Iэщагъэрэ щIэныгъэрэ кьызэрадатыным дапщэщи елIэлIащ. Абыхэм я фIыщIэщ сэ КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр ехьулIэныгъэ кьиухри, рызухар, Санкт-Петербург си щIэныгъэм зэрыщыхэзгъэхъуар, фIыуэ слъагъу дохутыр Iэщагъэм си гуи си пси етауэ сызэрылажьэр. Си дэлъху Мухьэмэди щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым. Абы мы зэманым ухуакIуэ Iуэхущ IанIэм и унафэщIщ. Бынхэм ди щхьакъуэу, кьытщIэхъуэ щIэблэмэ гулыитэшхуэ хуащIырт ди нэхъыжьыфIэхэм. Псом хуэдэжьэкъым мамэ: ар егъэлеяуэ анэшхуэ Iэфlт, псалъэ гуапэхэр зибэ бзылъхугъэ Iэщагъэ-Iущагъэт. Апхуэдэущ ар кьуэрылъхуэ-пхъурылъхуэм яку кьызэринэжар. Ди анэр яхуэгуапэт и благъэхэми Iыхьлыхэми, апхуэдизкIэ ар псэ кьабзэ-гу кьабзэти.

Ди мамэ дахэ и фэеплъ нэхур псэуэхкIэ яхьумэнущ ди адэми, и бынхэми, абыхэм кьащIэхъуэ щIэблэмэ. Ахьлъэщ ди дежкIэ абы и щымыIэжьныгъэр. УсакIуэми зэрыжиIауэ, «...анэ Iэфlыгъэ фIыгъуэр нобэ кьыздомэщIэкI». Уи ахъртыр нэху ухьу, ди мамэ... Уи псэр тщIыгъуу допсэу.

БЭДРАКЪ (МЭКЪУАУЭ) Анжелэ.

Гъэпцlакlуэр къалъыхъуэ

Нартан къуажэм щыщ цыхубзым Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм зыхуигъэзащ.

АБЫ зэрыжиIамкIэ, 2012 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм, «Аллэ»-кIэ зэдджэщащэм, Налшык къалэ Нэгучэм и уэрамым тет унэ №74-м хэт унэльащIэ тыкуэным щыIэу, сом 86440-р гъэпцIагъэкIэ къыIэщIигъэкIащ. Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым а щIэпхьаджагъэр зылэжьар хэтми яубзыхуащ. Ар нэхъапэм суд зытрамыщIыхьа, 1977 гъэм къалъхуа Къуэдз Аллэ Тарзан и пхъурщ.

УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и къудамэм ар апхуэдэ нэгъуэщI щIэпхьаджагъэхэм пыщIамэ эзэкигъэкIи мурадкIэ къэпщытэныгъэхэр иregъэкIуэкI икIи къалэдэсхэм захуегъаззэ Къуэдз Аллэ Тарзан и пхъум, нэхъыбэм абы закъыззэригъэщIыхьэр «Аленэ»-щ, илэжьа гъэпцIагъэмкIэ езыхэм, е я щыхуегъэхэмрэ ыхьлыхьэмрэ лей къатехьамэ, полицэм и къудамэ нэхъ гъунэгъум хьыбар евгъэщIэну.

Телефонхэр:

УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и плыр частым - **49-46-02; 77-05-74; 74-07- 33**

УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и полицэм и къудамэ №1-м и плыр частым - **49-40-42; 42-20-28**

УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкIэ и Управленэм и полицэм и къудамэ №2-м и плыр частым - **49-57-29; 96-33-44; 49-56-99**

«Дзыхь зрагъэз» телефон - **49-47-34.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэр, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я IуэхуэзмкIэ управленэр КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм корпурIэм пэщIэтыным пыща Iуэхуэзмкlэ и секторым и унафэщI **Лъостэн Иринэ Владимир и пхъум** хуогузавэ абы и адэ **Слыэченкэ Владимир Михаил и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Кьардэн Маринэ, НэщIэныдж Замир, Хьэжьыкъэр Алик, ЩхьэщэмыщI Иэ.**

КЪУМЫКЪУ Руслан.

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еблъуанэ-ещIанэ къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-63, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэ Iуэхущ IанIэхэм ядлэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ IанIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

синий красный желтый черный